SOERAT KABAR SOENDA OEMOEM

SINAR PASOENDAN

PANGAOS LANGGANAN:
[illegible] . . . . f 1.50
Artosna ti pajoen

PANGAOS ADVERTENTIE
Tiasa badanten sareng Adm nistratie.

Agent: Publiciteitskantoor „De Globe" Amsterdam en Batavia-Centrum

Ditjitak koe Drukkerij „ECONOMY"

KANTOOR:
REDACTIE & ADMINISTRATIE:
Oude Kerkhofweg No. 16
— Bandoeng. —
BIJKANTOOR:
Papandajanweg (Tjampaka) no. 38
— Garoet. —
Tawang Sari No. 8 Tasikmalaja.

Dikaloearkeun koe Uitgevers Mij „Sinar Pasoendan" di Bandoeng

Directeur: ALI RATMAN Hoofdredacteur: IMBI DJAJAKOESOEMA

SALASA 9 OCTOBER 1934 - 28 DJOEMADIL ACHIR 1353
No. 226 — KALOBAR 1½ LAMBAR — TAOENKA II

Dimana poetra teu lasa koelem, lantaran arateul, diganggoe koe kasawat koelit, saban siram kedah nganggo

OELAH LALI
KANA WARAGADNA

„SIN. PAS."

DOEIT PANGSIOEN

MATJA bedja Aneta, via Benderea Timoer anoe powe kamari, tjenah ajeuna di Djerman, geus diajakeun oendang-oendan koe Minister Dr. Walter Schacht, jen sakabeh ambtenaren Djerman anoe pangsioena tjitjing di loear nagara, maranehanana moal meunang pangsioen, hartina pamarentah Djerman moal majar pangsioen.

Saliwat oge koe oerang oedjoeg oedjoeg kaharti bae, sababna pamarentah Djerman ngajakeun oendang-oendang anoe kieu teh, tangtoe pisan patali djeung kasoesahan kasoesahan financieel, koe roeksakna economie diamoek crisis dina waktoe ieu. Lantaran oepama anoe parangsioen tea tjitjing diloear nagara, doeit pangsioenna moal bisa asoep deui kana kas nagara Djerman.

Memang hidji akal anoe katjida aloesna pikeun kakoeatan financieel nagara dina djaman anoe sakieu soesahna . . . .

Sanadjan henteu bisa dipake tjonto sagemblengna, tandang Pamarentah Djerman anoe kaseboet di loehoer, koe Pamarentah di Indonesia,- lantaran anoe tangtoe tea ari Indonesia mah, moal bisa noeroetan saperti Djerman teh- njaeta henteu majar pangsioenna ka anoe aja di loear nagara, oepamana bae ka anoe parangsioen di Nederland. Da sanadjan oepama oerang boga kahajang kitoe, anoe tangtoe pisan bakal tetep aja dina kahajang bae . . . .

Tapi patali djeung kasoesahan nagara tina pasal doeit, asa perloe Pamarentah ngajakeun pertimbangan tina hal ieu, neangan djalan anoe sedjen deui pikeun kapentingan kas nagara, sarta katjida moepakatna kana advies Bendera Timoer tina pasal ieu anoe kieu oenina:

Tapi sebagai soeatoe pertimbangan jang patoet, mesti di atoer premie, jang menarik hati orang tinggal memakan pensioennja dinegeri jang membajar pensioen itoe.

Oepamanja: Siapa ambtenaar (tidak pandang bangsa dan koelit) jang menerima pensioennja dari kas-Hindia Belanda, akan dapat 100 pCt. dari pensioennja, kalau ia tinggal disini.

Kalau tinggal di Nederland, dapat 75 pCt. Kalau tinggal diloear Nederland dapat 40 pCt. sadja . . . . . .

Tah koe djalan kieu, soegan sageuj henteu bisa didjalankeun, sarta lamoen didjalankeun tea mah, njaeta ambtenaren anoe parangsioen di Nederland di bere 75 pCt, di loear Nederland 40 pCt, djeung lamoen tetep di Indonesia bakal meunang pangsioen sagemblengna 100 pCt. Koe djalan kieu sanadjan henteu gede nambahanana kana kas nagara, atoeh begrooting nagara koerangna soegan moal gede teuing . . . . .

Sedeng koe djalan anoe didadarkeun diloehoer, samasakali henteu megatkeun kana doeit pangsioena anoe hak nampa, ngan pedah henteu dibajar kabeh, da bongan pangsioena di nagara batoer.

Djadi, sakali deui, tandang pamarentah Djerman, perloe dipake tjonto, soepaja bisa ngirit-ngirit pakeun, dina djaman anoe sakieu soesahna kas nagara oelah beurat teuing tanggoenganana, toch....... henteu sagemblengna noeroetan tjara di Djerman.

Atikan djeung pangadjaran

Kenging:
HADIJATI
Samboengan kamari

Dina atikan kabangsaan, oerang koedoe ngagoenakeun pakarang pakarang anoe saimbangan djeung koedrat bangsa oerang djeung dibanding banding kana aliran djaman.

Eta pakarang teh koe oerang bisa diteangan dina sarat sarat djeung adat istiadat rahajat oerang, tatapi oerang koedoe wani mitjeun sarat sarat noe meungkeut oerang dina kamadjoean djaman ajeuna.

Pikeun baroedak awewe bangsa Indonesia henteu tjoekoep koe garis garis noe kaseboet diloehoer bae, sabab baroedak awewe teh sebagi awewe, masih ngabogaan koedrat deui anoe todjaijah djeung koedrat boedak lalaki, nepi ka tabeat tabeatna djeung hiroep kabatinnana boedak awewe teh, katjida bedana djeung boedak lalaki. Boedak awewe baris ditakdirkeun djadi iboe, baris moelasara djeung ngatik anakna, Nja didinja pisan tempat pokona kalemesan kaom awewe teh.

Koe sabab eta awewe anoe kasar tabeatna henteu pantes djadi iboe. Henteu aja deui akalna lamoen ngagoenakeun atoeran-atoeran bangsa sedjen, dina prakprakan ngatikna boedak awewe teh koedoe katjida ati atina, sabab anoe kaseboet hade keur bangsa sedjen teh. keur bangsa oerang mah atjan poegoeh hade.

Hal ieu koe oerang koedoe katjida ditaloengtikna. Sabalikna oerang oelah kabeungkeut koe atoeran-atoeran oerang anoe geus middeleeuwsch (koeno), anoe keur djaman ajeuna geus henteu meudjeuhna didjalankeun. Djadi pikeun garis noe tetep, saroepaning hal koedoe diakoerkeun djeung kaajaan koedrat, sabab ngan koedrat pisan anoe koe oerang bisa dianggap sebagi toedoeh djalan noe sabenerna. Atikan boedak awewe teh bisa dibagi 3 bagian.

1. Waktoe atjan lahir.
2. Waktoe boedak leutik keneh, samata-mata dina panaloengtikan kolotna.
3. Waktoe boedak di sakola. Ajeuna saroepa-roepana oerang goear.

1. Waktoe atjan lahir.

Koemaha mimitina atikan oerang, oerang henteu bisa netepkeun. Pikeun ngagampangkeun tina eta soeal, ajeuna oerang njokot hidji waktoe bae, anoe dianggap ngamimitian nerapkeun atikan.

Waktoe teh njaeta waktoe boedak atjan lahir.

Oerang bakal bisa ngarasakeun sorangan, sing saha noe geus boga anak, jen kabatinan, pikiran djeung kalakoean kalakoean kolotna, tangtoe ngabogaan pangaroeh kana watek watekna boedak.

Dina waktoe reuneuh bodjona, salaki dieung pamadjikan koedoe ngingetkeun kana pangaroeh tadi, nja eta dina sagala kalakoean djeung pikiranana.

Hawa napsoe koedoe ditahan djeung kaajaan di djero imah koedoe pinoeh koe katjintaan, sarta sateroesna eta katjintaan teh baris njaliara kana tjita-tjita atikan oerang.

Dina kandoengan, dina patapan goeha garba, boedak noe ditangtajoengan koe indoeng djeung bapa, koedoe meunang katjintaan anoe sapinoeh pinoehna. Boedak teh koedoe hiroep dina hawa katetepan, kakoeatan djeung tjita-tjita noe moelja. Dina tempat noe soetji, riwajat-riwajat dasarna boedak koe oerang koedoe geus bisa dihoedangkeun, nja eta dihoedangkeun dina hawa noe beresih.

Nja ieu pisan atikan boedak noe atjan lahir ka doenja teh, sarta nepi ka boedak goebrag ka doenja mah, masih atikan eta keneh anoe didjalankeun teh.

Teraskeuneun

Tjitjalengka

Loba noe kaget

Dina po'e Djoemaah noe geus kaliwat ti golodog masdjid kaoem Tjitjalengka d/r. Rg. Hadji geus katjolongan taroempah tjenah.

Koe ajana eta kadjadian, kiai-kiai djero kota, tjek bedja disaoer ka kawadanaan.

Ari anoe djaradi kaget teh kawas-kawas politie, njangka ka baroedak santri, tjenah moestahil santri maling.

Tapi eta teh moenggoeh noe tilik mah henteu kageteun, sabab mindeng manggih santri, noe sok sarsoep ka imahna koenang-koenang deui koenang-koenang sok sarsoep ka pasantren tjenah.

Salah benerna eta bedja Wallohoe a'lam ngan adjengan-kedah waspada kana eta bedja-bedja teh. Sabab lamoen enja loba santri noe sok sarsoep ka koenang-koenang poegoeh bae matak tjoeriga mah djeung matak koerang hade.

Djeung naon perloena santri-santri nepi ka bisa saroepa ka koenang-koenang di adjar ngadji da teu bisaeun ngadji diarah kanjahona tina bab elmoe darigama da teu katjaritakeun loba pangabisana iwal ti sok . . . . . djeung ngolo ngolo awewe.

Ieu toelisan lain rek hianat ka kiai, tapi ngahadja ngageuing soepaja bisa nitenan oelah nepi ka matak kotor kana ka kialan djeung ka pasantren.

Tjiamis

Teu toeloes

Dina ieu soerat kabar geus diterangkeun, jen dina po'e Minggoe 7 October 1934, v v. Simpaj baris ditandingkeun djeung v.v. Sidolig, tapi toemali djeung P.S.T.S. diondang ka Mataram, ieu pertandingan dipoendoerkeun waktoena, ngan tanggal sabaraha waktoena maen, waktoe ieu bedja ditoelis atjan manggih katerangan.

Avond cursus basa Walanda

Dina ieu soerat kabar geus diterangkeun jen Taman Siswa Tjiamis aja avond cursus basa Inggris sarta nepi ka ajeuna katendjona soeboer.

Sadjaba ti aja avond cursus basa Inggris teh di Taman Siswa Tjiamis, aja deui avond cursus basa Walanda, anoe djadi goeroena djrg. Dirdjosoebroto onderwijzer Taman Siswa,

Waktoena dina saminggoe doea kali, nja eta malem Kemis djeung malem Saptoe.

Cursus A.B.C.

Tjiamis teh sanadjan kaasoep kota, tapi teu loepoet rea kolot oge boedak anoe masih boeta hoeroef.

Noeroetkeun katerangan geus aja sawatara rahajat Tjiamis anoe boeta hoeroef. menta ka Taman Siswa Tjiamis, soepaja diajakeun cursus A.B.C.

Ieu pamenta koe Taman Siswa dikaboelkeun.

Moega-moega gantjang djadian sarta aloes boeahna.

Demi anoe pikeun djadi goeroena djrg. Hasan Pagih onderwijzer T.S.

Lamoen moeridna rea, djrg. A. Karna Winita geus njadiakeun tanaga baris ngadjar noe boeta hoeroef di Tjiamis.

Cursus Fransch djeung Duitsch

Koe sawatara rajat di Tjiamis, djr. Hadijati geus dipenta soepaja ngadjar basa, Fransch djeung Duitsch.

Noeroetkeun katerangan ti djrg. Hadijati ka andjeun, ieu pamenta teh atjan dipoetoeskeun, bisa djadi sakeudeung deui baris aja kapoetoesan.

Taman Siswa Tjiamis, katendjo digawena giat.

Sim koering ngadoni.....

„SINPAS"!

Sim koering bet ras inget kana mottona Ernest Renan, noe kieu oenina:

Moenggoeh toedjoean kamanoesaaan teh, lain ngan maloeloe koedoe soemoedjoed kana katoenaan bae, tapi koedoe merangan kabodoan, toerta ngadjalankeun perdjoeangan sakoeat-koeatna, geusan nakis saneskara kadjahatan.

Eta kalimah teh, sanadjan saeutik, tapi patri, tjotjog pisan reu djeung djoedoelna ieu karangan, kawantoe mas'alah:

„LECTUUR"

teh, sategesna pisan parabot anoe pang djetoe-djetoena — anoe pang matih-matihna — anoe pang mernah-mernahna keur malitaan noe powekeun, pikeun naloekkeun kabodoan, goena kontji kasoegemaan hiroep koemboeh sagemblengna.

Koe lantaran lectuur teh, juist koedoe djadi goedangna saneskara paelmoean hiroep, karoehan eusina oge koedoe penting toer koedoena maroenel.

Keur njoemponan eta kaperloean, taja deui iwal ti kaoem kaoem intelek koedoe njebar njebarkeun elmoena, njebar njebarkeun pangaweroehna; njebarkeun elmoe sarta njebarkeun pangaweroehna, geusan kaboetoehanana bangsa toerta lemboerna matoeh.

Koe lantaran kaajaan baheula, sabalikna pisan ti ajeuna, anoe pokona dilantarankeun koe pangdjoeroengna djaman, teu moestahil nimboelkeun parobohan parobahan anoe lain ngan mawa robah kana sipat-sipat loear bae, kitoe deui karochanian anoe saendeng endengna pakait patjantel tjantel katoet sipat djasmaniah, pinasti sipat sipat djero oge koedoe babarengan ngarandapan noe saoekoeran toer saimbangan.

Di saban-saban anoe pada ngarasakeun eta parobahan, sarta moenggoeh di djalma anoe ngimankeun kana pamaksoedanana waktoe atawa kahajangna djaman, tangtoe ti awalna keneh oge bisa dikanjahokeun, naon anoe pipanteseun dipikiran sarta naon anoe pilajakeun digarap, dipikiran djeung digarap noe sakira-kira ngaloejoean waktoe, njoebadaan djaman.

Moenggoeh di djalma anoe rasa djeung tekadna geus bisa ngahontal ka lebah dinja, laer aisanana, gede boedhina, babakoena anoe ngaregepkeun reh disa loeareun hiroep dewek teh dikoerilingan koe kawadjiban - kawadjiban noe gede toer tohaga, njaeta kawadjiban noe patoemboe kana kadjembaran — kaloehoeran — kamoeljaan — kaagoengan — kaloehoenganan: Baligeusan — Kabangsaan — toerta Kamanoesaan.

Djadi sadjaba ti koedoe disaratan koe kamadjoean „Lectuur" teh, oge:

TANAGA TERPELADJAR KOEDOE DISEBAR SEBARKEUN.

Koe pamaksa alam, eta rasa teh, automatisch baris ditambahan deui kakoeatanana, engke dimana kaoem kaoem intelek geus lalilir, jen: kasoegihan harti katoet kabeungharan harta dewek teh, moal henteu tetep ajana dina tahapan kalaipan, saoepama garis garis gedena kajaning anoe djadi tihang kahormatanana lemboer matoehna — Kabangsaan — Kamanoesaanana, tinggal angger diapilainkeun, tanwande kateler teler.

Kiwari pisan bangsa oerang geus waktoena ngipisan beungeut, ngagedekeun koerän, malah mandar koe djalan kitoe teh, bisa ngahoedangkeun zelf controle, goena pikeun nangtoengkeun tihang daradjatna dina harti harti anoe merenah tea.

Ajeuna bangsa oerang koedoe ngarasa era, lamoen kapinteran atawa panemoena ngan samata mata goena kapentingan dewekna.

Koedoe ngarasa era, saoepama pangartina ngan saoekoer didagangkeun djadi barang obral dina pasar perboeroehan.

Tjindekna, koedoe ngarasa aeb, lamoen tanaga intelekna ngan nga woengkoel ditjadangkeun goena pikeun koemawoela geusan kapentingan dewekna pribadi, sabab oepama sateroesna ditoedjoelkeun ka lebah dinja, sipating: kaagoengan — kamashoeran bangsa katoet lemah tjai oerang teh, sasatna direumpeukan — diheumpikan koe bangsa awakna — walhasil djoeroesan noe saroepa kitoe saroea djeung hidji bahaja anoe ngawoedjoed reactie djero, 't ont breekt hem aan energie — self helf — initiatief enz. Soeal ti kitoe, saroea dieung resep ngoekoet slaven mentaliteit, kawantoe hal ihwal koemawoela teh henteu nga bogaan sipat sipat kamoeljaan atawa kalanggengan dina masarakat kabangsaan sarta daradjatna kamanoesaan asli.

Hadena, reh koe njaringna soemanget kabangsaan di oerang, rasa dewek-dewekan teh keur eungkeut-eungkeut ninggang kana parobahan; dieung hadena, moenggoeh timboelna ieu rasa teh, berkah hibarna pihak noe dipertoean — golongan noe tadina diangkeuhkeun bisa ngabadjong pangarti katoet kesangna teh, kiwari ngoerangan kaperloeanana, anoe ngalantarankeun hesena rek koemawoela toer ngalantarankeun dumpingna pasar kosong.

Kiwari oerang Indonesia ratataratana boga kajakinan, sarehna roepekna djalan kipajah teh, atawa kendorna pasar kesang teh, lain koe pangaroehna kakedoelan, oge lain perbawa kamalaratan lemah tjai, tapi noe djadi poko mah, maloeloe lantaran hengkerna tanaga intelek doemeh tatjan kaantjikan rasa-rasa anoe zelfstandig.

***

„Sinpas!"

Sim koering neda ditawakoep, tina ieu mas'alah isoekan bae di toeloejkeun deui.

Sim koering:
RINGGATA.

Garoet

Henteu meunang noengtoen kareta mesin dina tembok sisi djalan di Pengkolan.

Lamoen oerang ngaliwat ka pengkolan noengtoen kareta mesin ajeuna mah koedoe di djalan bae oelah dina tembok, sabab teu meunang. doeka naon sababna mah, da sasarina mah tara di kitoe kieu, takeran mah aja hidji hal noe kadjadian.

Kade batoer djenoeh, sing ari nget kana ieu larangan teh.

9 October 1934

Disoehoenkeun kalajan kahormatan, sarehna ajeuna oesoemna panen, soepados waragadna ieu serat kabar enggal kalintoenkeun. Samemeh sareng s'aparantosna timpah hatoer noehoen!

Bangsat lapar woengkoel.

Dina malem Saptoe 5/10. 34, ka boemina nji O. garwana djrg. Loerah Wanaradja marhoem, geus k semahan koe tamoe noe teu di ondang.

Tapi aneh katjida bet henteu maling kana barang noe aja harga na, sakitoe lobana moen rek maling tea mah, tapi ieu mah ngan ngadon dahar bae, djeung njokot beas tina gentongna masi koredas dibawa kabeh.

Taksiran eta bangsat teh karoenjaeun, sabab njimas Omoj teh nembe ditilar koeljarogena atjan lila, karek satoes.

Djigana ieu bangsat teh, lain bangsat gerot, da ngan oekoer ha jang dahar woengkoel.

Fabriek tinoen Garoet.

Noe digarawe di Fabriek tinoen waktoe ieu katjida lobana, sanadjan bedjana bajarannana moerah oge, tapi dilakonan bae, da meureun rasana tinimbang ngalanggoer, boh awewe, boh lalaki.

Ngan moega-moega bae sing lana ajana di Garoet, oelah tjara Fabriek minjak bet gantjang pindah ka Soerabaja.

Sadjarah Ramogiling.

Ti sabarang ngoeping ngaran tempat Ramogiling, teu weleh pe noelis njiar akal sangkan meunang katerangan, naon sababna eta tempat diseboet kitoe, naon sasakala na.

Ari ajana eta tempat teh di hareupeun stopplaat Tjiojod, sanes lemboer, nanging tempat pamandian, kalintang garenahna mah.

Di dinja aja 2 tadjoeg, sarta pada ngabogaan tampian, djanten kalintang njoegemakeunana ka ahli agama anoe kaboedjeng waktos netepan di Tjiajod, tina patem patanana bareresih, katambih tjai na dioeroes sadidinten, kawantos dipengkereun tadjoeg-tadjoeg tea didamelan sitoe.

Koe kaajaan kitoe mah, asa pantes tjek tjarita oerang dinja mah sakoemna oerang Tjibodas katjai na ka dinja, oepama nilik kana kaajaan tempatna mah.

Hidji waktos pareng kenging dongeng ti oerang Tjibodas keur dongengna.

„Kinten 10 taoen kapengker" saemoet abdi sanggemna ieu tempat teu atjan di damelan djalan kareta, ieu tempat koetang tempat sanget, tina tjek wartos mah seueur pisan dedewana, malah seueur noe gering kasambet ti ieu tempat (Walahoealam R), djanten waktos harita mah teu aja djalma anoe wantoen ngoelampreng ka di eu wates magrib, soemawonten weng mah.

„Sajaktosna ieu tempat teh, sanes diseboet Ramogiling bae, nanging aja deui noe njebat, Batoe njongtjlo, Ari margina kieu.

Dipajoeneun ieu tadjoeg (ieu oge memeh disaean kieu) aja batoe ageung, koe kinten mah aja manawi piageungeunnana 10 M. mah. eta batoe dilingkoeng (diboelen) koe areuj ramogiling, sareng di loehoerna eta batoe ageung aja deui batoe njengtjle kinten sagede kalapa.

Anehna eta batoe teu daekeun ragrag-ragrag sanaos koe oerang di aloengkeun oge, atanapi dipindahkeun. endjingna geus tjlo deui bae dina tempatna (loehoereun batoe ageung] mindahkeun djalmi, margi sanaos dikoentjloengkeun oge, endjingna aja bae di dinja.

Tah kitoe noe mawi disebat Ramogiling atanapi Batoe njongtjlo teh, sasakala tina batoe ageung diboelen koe areuj ramogiling, sareng diloehoerna aja batoe noe njongtjlo.

Sakitoe noe kakoeping koe penoelis katerangan tempat Ramogiling teh.

Leres heateuna Walahoe alam Penoelis nanja; ari ajeuna ka mana batoena" djawabna, parantos teu aja waktos midamel ieu djalan kareta Garoet Tjikadjang, didinamitan.

Sabaraha hidji noe kasambet, ka pan tempat sanget? Deeka atoeh, da noe katingal mah teu aja hidji hidji atjan, noe tjilaka kasambet teh.

Ih kapertjajaan djelema aja-aja bae tjek Ramogiling.

Sangkaan sakapeung mah sok ngadjadikeun robah kana kiroep koemboeh manoesa.

Sangkaan teh hidji pagawean ati anoe teu poegoeh katangtoeanna na, boh sangkaan hade atawa sangkaan goreng oge.

Saperti oerang njangka ka hidji djelema goreng, tapi ana di boektikeun eta djelema teh hade, njakitoe deui sapanoe kadjelema njangka hade, ari boektina sok goreng, djadi pagawean sangkaan mah djigana euweuh hadena.

Djadi oerang leuwih hade koe maha boektina bae, kakara oerang bisa njeboetkeun hade gorengna.

Malah geuning Wet oge teu bi saeun ngahoekoem, ari karek sangka woengkoel mah.

Djadi oerang oelah pisan rek soengkoe sangka ka djelema boh hade boh goreng teh, oelah tjara di kota Garoet aja hidji djelema gawena ngan soengkoe sangka bae ka oenggal djelema teh, toeloej eta sangkaan teh sok ditepikeun ka salasahidji babatoerannana, atoeh memangna omongan djelema mah tjek paribasa sadjeungkal sok djadi doea djeungkal, padahal noe disangka teh teu toeah teu dosa.

Sanadjan eta sangkaan teh geus kadenge koe noe disangkana oge tapi boeboehan eta djelema pan djang pikirannana, djeung teu rek mandjangkeun kagorengan, nja di antep bae, anggoer diseungseurikeun.

Padahal njangkana teh estoe njangka goreng pisan. Oelah sok soengkoe-sangka. Saha noe toe ang tjabe tangtos ngaraos lada.

Tapi oepama djagan keukeuh kagoengan adat kitoe, henteu ker sa ngomean, engke djenençan djr tangtos diredar dina Sin. Pas, sa bab Sin. Pas oge henteu res-peun ka djr. teh, sabab djr. soengkoe sangka noe teu poegoeh ka neng Sin. Pas oge.

Tjek bedja Tjipanas Tarogong rek disewakeun ka djelema Partikoelier.

Bedja noe kaseboet di loehoer di Garoet mah geus njamboeang kamana-mana, malah geus kadenge jen noe rek njewa teh toean Satoh tjenah.

Naha ari bangsa oerang euweuh noe boga wawanen, bet sagala peroesahaan teh koe noe sedjen bae, tjik atoeh kadinja sing aja salasa hidji bangsa oerang anoe aja wawanen.

Moega-moega sing kapimilik disewa koe bangsa oerang.

Melendoeng lain boesoeng, kemboeng lain dilamboes.

Tjek bedja di Leles aja tanteuh roe melendoeng teu poegoeh-poegoeh, karana koe gawe deungeun meureun, tadina rasa maneh mo kaha toengtoengna aja boektina, bet aja noe ngaboerindel dina patoeangan.

Saha noe nanggoeng risicona? Tangtos tanteuh bae, da pamege mah senangna woengkoel.

Tapi oepama ngingetkeun ka djelemaan mah, kedah doeanana nanggoeng risico teh, oelah ngan di istri woengkoel, njaeta koedoe kersa ngabela wiwirangna.

Tjek bedja tanteuhna heug toe kang mapatahan baroedak di Desa tjenah.

Ngan tjek bedja mah lalakina teh bangsa Tionghoa, atoeh moal bisa ngawin meureun da sedjen bangsa.

Tjibodas o/d Bajongboag

Tjibodas teh hidji tempat (desa) anoe nengah kota bae koe titinggalan mah, nja eta noe djadi boektina, patempatanana, sareng boemen boemenna pendoedoek Tjibodas mere tanda jen loba djelema terpeladjar.

Tapi ditingal-tingal, didengekeun, bet teu aja pisan kaboeda janana teh, oepama di banding sareng desa-desa noe beh sisi.

Tjindekna Tjibodas teh katjida tinggaleunana koe djaman, masih keneh diharoedoem koe simboet, sakieu panon poë geus meh mantjeran, teu atjan lilir-lilir.

Geura ogninga tempat-tempat sanes di desa Karsamenak aja kempelan Loemboeng Cooperatie, di kampoeng Boeleud desa Soekadja di moen teu lepat aja kempelan sport Voetbal malah aja bangna sagala.

Naha iraha ari di Tjibodas la lilirna?

Pirakoe ari teu aroeninga kana goenana koekoempoelan mah, hi roep sabiloeloengan, rempoeg djoe koeng reudjeung babatoeran.

Saha noe ngalanggan serat chabar?!?

Bo tjek bedja mah, teu aja boe loe-boeloena atjan serat chabar di Tjibodas. Teu Sinar Pasoendan, teu Sipatahoenan, teu Galih Pakoean, antek-antekna teu Para hiangan-Parahiangan atjan.

Naha teu palaj aroeningan kaa nehan tempat sanes?!?

Manahaneun!!! Rajat Tjibodas.

Journaal - International

Koe: VITARKA-MUDRA

Spanjol gendjlong . . . . . !
Nagara Ojag . . . . . !!
Pamogokan hebat . . . . . !!!
Revolutie djadi . . . . . !!!!
Sakoeliah djagat ngadak-ngadak eundeur . . . !!!!

Kawat „Aneta" noe disebarkeun ka sakoeliah pers ti Madrid 5 October, nerangkeun: reh di Spanjol kiwari aja kadjadian „loe ar biasa" tina kadjadian-kadjadian anoe „biasa". . . . . .

„Loear biasa", hoesoesna pikeun eta Nagara, oge „loear-biasa" oemoemna pikeun alam doe nja kabeh!

Nagara dibereg-bereg—tangsi-tangsi balatantara dirampas moe soeh — barisan Pamarentah kawalahan—dipirig koe pamogokan — ditambah koe sabotage—gara-gara Kabinet Lerroux kaasoepan 3 Katholieken—ahirna di Spanjol ba bandjiran getih . . . . . .

. . . . . .

Lain sakali—doea kali—tiloe kali Nagara Spanjol kabiroepoengan koe ririboetan teh, tatapi leuwih ti tiloe malah leuwih ti opat kali rintakanana.

Di kota Madrid katoet disakoeliah bawahan Spanje, anarchisme roepa-roepana djadi bibit anoe soeboer—hese ditoempesna—ajeuna dibasmi, isoek djaganing geto na, djadi deui—hebat deui—ririboetan teh, djiga oeus djadi ka toemanana — djadi modena oerang dinja!

Koerang koemaha kedjem toer kerasna noe djadi Pamarentah Nagara enggon-enggon noempes sarta ngabasmi gerakan-gerakan revolutieonair — gerakan-gerakan anarchistisch—tina sikep anoe leuleuj teroes nepi ka sikep anoe beh ditoeeun ti hantem kromo, diban toe deui koe staat van beleg, kawasna bisa djadi toembal.

Sipat sipat revolutionair katoet anarchirtisch di eta Nagara, geus teu bisa dilediskeun koe tata tjara noe tangan besi, pelor bedil maloeloe bangoen dipake kaoeliana sapopoë

Reboe reboe kaoem sagawe oemoemna biloek sarta njokot djoeroesan anoe revolusioner, kalawan babarengan ngajakeun perdjoeangan noe ditoedjoelkeun ka kaoem doenoengan djeung Pamarentah Republiek; sabab ieu doea badan dianggapna djadi lawan anoe gede dina perdjoeangan, sarehna noeroetkeun timbangana na rahajat noe loba, tangtoeng adeg adeg Pamarentah Spanjol kiwari teh, maloeloe aja dipihakna kaoem bordjoeis [toean toean tanah djegoed).

Di sakoeliah Spanjol, memang ti bareto moela, kaoem kaoem boeroeh toerta dibarengan koe rahajat noe rea, ngajakeun sabaraha perdjoeangan noe ditoedjoelkeun ka pihak Nagara sareng toean tanah, kalawan mawa korban noe lain saeutik

Sanadjan dina tiap-tiap aja pilihan Soesoenan Pamarentahan ti pihak katoehoe aja dina kaoeng goelan-bae oge, sipat-sipat perdjoangan mah, sapowe kana sapowe teh anggoer ngarongkahan.

Warna-warna pamogokan diajakeun saban waktoe. pamogokan pamogokan anoe maloeloe dieusi koe harti-harti poelitik, anoe rata ratana eta pamogokan teh diorga niseerdna koe kaoem-kaoem revolusioner—anarchisten.

Daja oepaja geusan ngabasmi eta sipat-sipat extremistisch, pamingpin-pamingpin Sosial—Demokrat koengsi metakeun akal tarekah sedjen. nia eta njaranade ka pihak Nagara enggon-enggon njaboteer eenheidsfrontna kaoem revolusioner.

Samemehna kadjadian-kadjadian ajeuna anoe sakieu hebatn, ti awalna keneh oge geus aja kila-kilana, saperti noe kadjadian dina boelan December taoen toekang

Harita koengsi aja pamogokan oemoem noe geus dipetakeun koe k.l. 1.000.000 — oerang, kajaning di Prvinkias: Badajas — Caceresjoen — Cardaba enz oge henteu loepoet tina kariboetan. Samalah kalawan pangangsonanana kaoem anarchisten, aksina pihak sagawe teh bari ngadjalankeun poelitikna Bakoenin, ngajakeun pembrontakan noe antjoer-antjoeran djeung ngaboeta toeli.

Pamarentah dina waktoe eta ngaloeatkeun tanaga anoe tabagkatjida, geusan ngadjaga malar eta revolutie oelah nepi ka teteroesan, karoehan sikep pamarentah didieu bari ngagoenakeun tea nam plokeun saneskara kakoeatan oge sagala kakerasan anoe dibantoe koe tanaga kaoem soecial-democraat, nepi ka ngawoedjoednalir ibarat burger oorlog maloeloe.

Wet militer dipake ngabereg kaoem pembrontak — ratoesan djalma noe djadi wadal, boh ti pihak pembrontak njakitoe deui barisan Pamarentah.

Ditempat-tempat saperti Saraga — Granada — Cylon — Coron. Barcelona — Madrid — Sevilla — Logrono — Salamanca — Cadir d s t. henteu aja bedana, timboel pamogokan - pamogokan oemoem toer dipirig koe ririboetan.

Koe pitoeloengna kaoem sosial Demokrat tea, rarantjangna gerakan-gerakan revolutionair teh bisa kahalangan, noe hartina lain seutik pikeun kaoentoengan Pamarentah mah.

Vergadering - vergadering dilarang, soerat-soerat kabar noe di eusi koe angen-angen extremisme dibreidel, Landsdienarenana noe ditjap beureum, direct diontslag.

Eenheidsfront antara organisasi organisasi anarchistisch kominis tisch sarta gerakan-gerakan kaoem boeroeh djeung tani anoe ngan doeng tjita-tjita revolitionair, koe Regeering katoet koe pangawa na kaoem sosial demokrat diakalan malar paboerantak.

Pandjara ampir teu moeat — hoekoem pati teu saeutik — industri-industri rereana teu djaralan-roepa-roepa karoeksakan lantaran sobat oge —, pakoemboehan oemoem djadi abnormaal, tangtoe ngan Nagara roemanggieung. Ieu teh kadjadian dina djero boelan Dec. n.a.k. tea.

Saterozsna, hantjaeun isoek.

Dipilari

Hidji mantri Verpleegster, (gediplomeerd) kangge di Sanatorium Patjet - Tjiandjoer.

Adres Directeur v/h C. V. T.
Patjet — Tjiandjoer.

MALAISE - Advertentie

MALAISE 0.25

Sakali moeat — Lima regel tjap² dinten REBO, henteu ngango bewijsnummer, anoe langkoeng ti 5 regel dietang f 0.50, ngango bewijsnummer tambih f 0.05

0.25

Advertentie hasilna tangtos njoegemakeun

VOLKSRAAD

Pataresan djeeragan Soeroso.

SOEROSO.

Dina tanggal 6 October 1934 lid Volksraad Soerose geus ngasongkeun pertanjaan sakoemaha noe kaseboet di handap ieu:

Noeroetkeun bedja, Chef Djatibedrijf bagian Boschwezen geus nanja ka personeelna, daraek henteuna narima oepama ti tanggal 1 November 1934 nepi ka 31 October 1935 panaekan gadjihna ditahan.

Sing saha anoe henteu soeka (teu daek), tangtoe baris dilepas tina pagaweanana.

Oepami bae eta bedja teh jaktos, naha Pamarentah henteu sapikiran sareng djisim koering jen:

a. henteu pantes pisan, personeel nepi ka diolo-olo kitoe sina toe marima panaekkan gadjihna di tahan, toer diantjam lamoen teu daek baris dilepas tina pagaweanana?
b. lamoen tea mah nepi ka dilepas na, eta panglepasan teh katjida teu adilna, sabab eta mah personeel teh „in particulier verband", djadi nasibna katjida leuwih longgerna tibatan sedjen-sedjen personeel Nagara.
c jen tandang eta Chef teh perloe dihalangan?



Pertandingan voetbal Persib.

Di lapang A.T.V.C.

Setiamanah—Spin 5—0.

Dina powe Saptoe noe anjar kaliwat di lapang A.T.V.C. Andir, mimiti poekoel 4 30 geus ditandingkeun antara doea club anoe kaseboet di loehoer.

Ti barang proeng maen, bal katembong mindeng ngandjang ka sapihak bae, njaeta ka pihak Spin, tapi nepi ka ngaso teh Spin ngan oekoer bisa bedah bentengna sakali

Sabadana patoekeur tempat, itoe-ieu maraenna pohara sarosonsosonna, tapi kasabab Setiamanah tanagana leuwih tohaga tea, bal teh nja rereana mah ngandjang ka pihak Spin bae.

Poetoesanana nepi ka lepri mere tangara ngaboebarkeun eta pertandingan, Spin koedoe tarima eleh djadjaten ngagondol karlehan 5—0 koe Setiamanah.

Di Sportpark Tegallega:

Siap—Diana 3—1.

Dina powe eta teh anoe ditandingkeun di Sportpark Tegallega njaeta maen kahidji Singgalang II —Merapi II, kalawan dipingpin koe lepri djrg. Soeba.

Nepikeun ka ngaso Singgalang koengsi bisa ngabedahkeun benteng Merapi nepikeun ka meunang doea kali. Tapi sabadana maseuhan tikoro koesabab spelers Merapi maraenna teh katjida daraekna, henteu boeroeng bisa moenahan hoetangna, ngan henteu koengsi bisa ngarentenan bae, lantaran permaenan kasapih koe taleot lepri anoe mere tangara ngaboebarkeun permaenan.

Djadi standna eta pertandingan teh 2—2 alias gedeg taja noe eleh taja noe meunang.

Maen kadoea kalina njaeta mimiti poekoel 4 30. Siap I contra Diana I, kalawan dipingpin koe lepri djrg. Zainoel Arifin.

Barang proeng mah dimimitian maen bal katembong roeak-reok ka doea pihakanana bae, tapi teu koengsi lila koe sepakan Ana overan ti Soegeng, keeper Soehaeri ti Diana geus ngarentok bangkong, newak hawa, sarta stand robah djadi 1—0 keur Siap.

Oesoem laoek . . . .

Roepana bae perkara oesoem oesoeman, di Bandoeng mah geus moal aja oesoemna.

Tapina nja kitoe djeung kitoe tea bae, saperti oesoem oebiag mikaresep kana iteuk antoekna teh ngan saoekoer nepikeun kana geledoeg tjesss. Oesoem ngadoe langlajangan ngan nepikeun kana geledoeg tjosss, achiroelkalamna mah oesoem ensoedoet, ensoeproet teh di Bandoeng mah nja kitoe tea bae tjas tjes-tjos sok tara lawas . . . . .

Bareto keengsi oebiag oesoem lalaoekan (tina kai), ajeuna diten djo-tendjokeunana koe Etjle, tina laoek paeh deorseteot mikaresep laoek hiroep, nilik boekti bae di oenggal imah ajeuna mah anoe tingkolenjaj tinggedebaj teh ngan laoek djeung laoek bae.

Kawasna bae ajeuna mah teu moestahil oepama leuwih rea laoek di djero imah tibatan anoe aja di waloengan. . . . . .

Koe noe panatik laoek, oepama pareng aja noe ngandjang, anoe mimiti dipake soesoegoeh ka semah teh teu lian obrolan tina hal laoek, laoek Djepang djadi katjapangan, noe berelong dipake sombong, noe bedegoel dipake agoel . . . . .

Malah mijn vriend van Etjle mah boga laoek anoe dilandih poen Tangkolo sagala, da eta tjenah roepana teh berelong tjorob tjara poen Tangkolo kekelek kagoengan Oom Ingi tea.

Tapi Etjle mah pangna taja goeam miloe aoeb mikaresep kana ngingoe laoek teh eta bae, bilih-bisi aja galoer . . . . . laoek midjah miloe boeroek, endogan miloe piritan.

Ana geus boeroek saha noe ewa? Kantenan mah poeoeoegoeh weee meureun . . . .

ETJLE

Sanadjan Siap deudeuieun oge hajang ngembohan tjengtjelenganana, tapi koelantaran sakabeh bahaja anoe datang ka Diana bisa ditjegah koe back Roekasah alias Sotong, djadi nepi ka ngaso teh stand tetep 1—0 keneh bae pikeun kaoenggoelan Siap.

Sabadana ngaso, ti pihak Siap maraenna pohara saroson-sosonna, sarta teu koengsi lila Asan bisa ngembohan deui ngahoetangkeun saese, ditema deui koe Tomi bin Hadji Alexa sasiki, atoeh stand teh ngadak-ngadak robah djadi 3—0 pikeun Siap.

Sanggeusna Diana kahoetangan 3 ese, Oedi back Siap koengsi ngalanggar larangan di djero kalang larangan, anoe poetoesanana Siap meunang setrapan pinalty.

Noe djadi logodjo ti Diana Emen alias Karsaman.

Bal diintjer ka djero lawang sigotaka Siap, tapi meunang doea kali njepak teh kapaksa dibolajkeun, lantaran keeper Enang wak toe Karsaman njepak bal geus obah.

Nista—madja—oetama, hatiloe kalina mah ploes bae koelit boeleud aboes ka djoeroe njanggojet dina djaring.

Beuki boerit katembong maenna banting toelang hajang gorot-ngorot hoetangna, tapi teu koengsi hasil, lantaran kaboeroe kasapih koe lepri ngaboebarkeun pertandingan, sarta standna 3—1 pikeun kaoenggoelan Siap.

H.P.P. — Mpito 0 — 2.

Isoekna dina powe Minggoe anoe ditandingkeun di Sportpark Tegallega teh njaeta H.P.P. contra Mpito, kalawan dipingpin koe djr. Mian.

Eta pertandingan katjida spannendna, nepi ka ngaso stand 1—0 pikeun kaoenggoelan Mpito, sabadana ngaso ploes deui H.P.P. ka asoepan anoe, sarta nepi ka djr. Mi'an nieup ploeit ngaboebarkeun pertandingan, H.P.P. tetep koedoe tarima eleh 2—0 koe Mpito.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

SORA PERS

„S.O." dina poë Saptoe n.a.k. geus ngamoeatkeun „pakabaran ti Redacteurna noe aja di Djawa Koelon, kieu oenina:

Rewel lagi di Djakarta.

„Pasoendan" keloear dari N. K. C.

Persatoean jang hampa.

Redacteur kita di Djawa-Barat menoelis:

Pagoejoeban „Pasoendan" soedah keloear dari Nationaal Kies Comite sebab:

1. Toean-toean Thamrin dan H. Dahlan Abdoellah, jang tidak mempoenjai partai dipilih djoega.

2. Boekan cadidaat „Pasoendan" (Ir. Djoeanda) dipilih djadi wethouder, tetapi Mr. Hadi (B.O).

„Pasoendan" kesal, sebab beloem pernah ang gautanja memegang wethouder ialah: Thamrin (dahoeloe Kaoem Betawi, sekarang partijloos) Mokoginta [Sarekat Celebes] dan Mr. Hadi. Sekarang katanja soedah gilirannja anggauta „Pasoendan" mendoedoeki koersi wethouder.

*

Noot: Sekian toelisan Redacteur kita. Dari kabaran ini njata, bahwa rewel sekali ini tjoema mendjadi sebab (aanleiding) sadja oentoek menggoegat kekesalan hati jang soedah lama. Satoe dan lain menandakan bahwa persatoean orang bangsa kita di Jakatra itoe hampa (voos). Tidak mempoenjai moreele kracht.

Kita tidak ingin memeriksa perkara ini lebih djaoeh, sebab argument voor dan tegen tjoekoep diketahoei oleh pembatja. Disatoe pihak boleh dikatakan „Pasoendan" ada didalam kebenaran djika diingat djandji-djandji jang soedah laloe, tapi dilain pihak standpunt „Pasoendan" boleh dikatakan pronvincialistis dengan sikap nationalisme-nja jang sempit itoe d.s.t.

Tapi, toean-toean, ini toch perkara dapoer!

Oentoeng benar, doenia ini tidak sama sekali dikemoedikan oleh „semangat saudagar"!

***

Sakoemna rahajat noe pada njarakseni moenggoeh tiap-tiap pagoejoeban atawa partij teh ngabogaan tanggoengan anoe lain ngan terhadep goena kapentingan golonganana maloeloe, tatapi oge pikeun oemoem toer geusan kaperloean pakoemboehan sagembleng na.

Koe hal kitoe, lamoen bener sakoer noe dikabarkeun koe Red. S.O. tea, oerang mang handjakalkeun katjida kana sikepna Pasoendan di Djakatra dina lebah dinja, iwal ti saoepama aja deui pasal-pasal sedjen mah.

Rahajat, lain ngan saoekoer koe doe ngadama-dama kana djasa-djasana pamingpin-pamingpin, katoet pagoejoebananana bae, tatapi salah tintjakna noe djadi pamingpin, sarta mengparna djoeroesan koempoelan, koedoe waai njempad.

Njempad dina harti anoe opbouwend!

Perkoempoelan Ned. Indische dag en weekladpers.

Bedja ti Aneta, jen di Batawi geus diadegkeun koempoelan Ned. Ind. dag en weekbladpers, noe maksoedna nangtajoengan pers saoemoemna.

Eta organisatie teh saroea djeung noe geus aja di Nederland njaeta „Nederlandsche Dagbladpers." (A.I.D.)

Perkoempoelan zaakwaarnemers (pokrol)

Di Semarang geus diadegkeun hidji perkoempoelan pokrol-pokrol („zaakwaarnemers-bond")

Noe ngaloeloegoean Djrg. 2 Rd Mas Soedardjo djeung R.J. van der Buissche.

Drs Moh. Hatta Menta idin ngoeroeskeun boekoena.

Dina soeara oemoem dibedjakeun, jen Drs. Moh. Hatta kalawan ditepikeun koe familiena geus moendoet idin kanoe wadjib soepaja andjeunna samemeh ka pangoembaraan bisa ngoeroes boekoe-boekoena koe andjeun.

Bareto Pamarentah geus mere idin ka Ir. Soekarno. Koesabab eta soegan bae Drs. Moh. Hatta oge diidinan ngoeroeskeun boekoe-boekoena noe rek dikaloearkeun (ditjitak).

Timboeroean??

Sawatara waktoe katoekang Loerah Padasoeka geus mariksa perkara noe timboeroean??

Verslagna perloe oge ditoelis:

Ari noe oeroesan teh njaeta Watma djeung pamadjikanana ngaran Nji Oeki lantaran geus dionarkeun koe opat djelema ngaran na 1 Emo, 2 Idi, 3 Otjoh, 4 Soeatma kabehanana oerang Balekambang. Nji Oeki teh tjenah geus bobogohan djeung ngaran W.

Loerah mariksa saksi ka I:

Loerah: „Naon kanjaho maneh?"

Emo (saksi I). Dina hidji waktoe, doeka peuting naon, keur waktoe abdi ngaronda, tina lapar na hajang dahar, menta dahar ka Nji Iti adina Nji Oeki. Ari tjeuk Nji Iti, hade koering daek mere, tapi oelah galehgeh gado".

Saksi II (Idi) nerangkeun ma nehna mah boga timboeroe ka Nji Oeki, lantaran Wiratma mere doeit sapoeloeh sen. Ari saenjana eta doeit teh ladang dagangan, da Nji Oeki teh ngawaroeng.

Deui kanjaho saksi doea teh mere boeng oesan laeek moending, pa dahal Nji Oeki ngilikan, lantaran djoealeun di waroeng.

Saksi III [Nji Otjoh]. Nerangkeun jen Nji Otjoh ngageuingkeun Wiratma, lantaran Wiratma, menta digeuingkeun di imah Nji Oeki, rek meuting di Iti (Oeki djeung Iti teh saimah) [bisa djadi salah-sangka corr.].

Saksi IV (Soeatma] nerangkeun nana teu beda saperti Nji Otjoh. Lantaran koe Soeatma, Wiratma di tanja; ari Mang Wiratma rek meuting di mana??

Tembalna: „Koering mah di mana bae, da ronda mah loba, Nji Iti ge moal boeroeng teu daekeun [Anoe saimah djeung Oeki tea].

Ari saenjana mah Wiratma teh, balik bae ka imah lantjeukna ngaran Dasi.

Poetoesanana papariksaan Loerah hidji ge euweuh noe ngajakinkeun kana eta kadjadian, toengtoengna marenta dihalampoera alias perkara teu beres.

Moega-moega noe djadi salakina Watma, sing pada ngamanahan, lantaran ieu saksi noe opat teh njieun gernaka woengkoel.

Loba noe mihape tanah.

Geus lila wewengkon Madjalaja noe baroga tanah (hak) di pihapekeun ka noe djadi anakna atawa doeloer noe baroga bisloeit, nja eta soepaja teu majar pantjen, da ari noe baroga bisloeit mah teu koedoe majar naon naon oge teu boga gawe desa. Nja eta soepaja maranehanana teu boga [lesot) tina gawe desa.

Tah koe ajana eta „akal" noe saroepa kitoe, moegi moegi noe ti pajoen, oelah ngidinan ka noe boga akal kitoe, sabab tangtoe kaajaan desa teh beuki lila beuki roeksak.

Directeur Escompto anjar.

Bedja ti Aneta, jen toean J. D. J. Roos, ajeuna njekel pagawean secretaris di Amsterdamsche Escompto kantoor, geus dibenoemd kana Directeur eta maskape di Nederland.

Beubeunangan Post.

Moendoer 1½ millioen.

Beubeunangan Post (P.T.T.) dina djero 8 boelan dina taoen ieu aja sadjoemlah f 16.852.507.

Dina taoen 1933 beubeunangan teh aja f 18,287,139.—

Djadi beubeunangan taoen ieu lamoen dibandingkeun djeung taoen toekang moendoer f 1.435.000

Lowongn pikeun Agent-Politie.

Waktoe ieu tjeuk Pemandangan bisa ditarima sababaraha hidji Pemoeda pikeun diwarah di sakola politie Soekaboemi kana politie Agent. Lilana sakola genep atawa toedjoeh boelan, sarta salilana sakola meunang gadjih f 15.— saboelan toer meunang njitjingan imah pere.

Sing saha noe bajang asoep ka na ieu sakola koedoe sorangan ka kantorna Technisch Leider Veld politie di Sipajerweg No. 8 Soekaboemi; bari mawa soerat sartoepikat kaloearan sakola.

Soerat kabar anjar.

Sinar Pasoendan geus nampa soerat kabar minggoean ngaranna „Priangan".

Noe ngamoedina djadi djrg. Hoofdredacteur djrg. Kong jr.

Teu aja sanes Sinar Pasoendan ngado'akeun „Priangan" sing pandjang poendjoeng oemoerna.

Breiwerk.

Breiwerk anoe dilebetkeun kana Para Sandak, henteu ngandoeng hartos ka salasawios sakola Breien.

Koemargi eta pamoegi oelah doegikeun ka kadjadian aja noe kagoengan tampiraos kasoebatsabit.

Zittingsgeld.

Dina Gouvernements - besluit geus ditetepkeun Zittingsgelders keur leden ti Inlandsche djeung Inheemsche Rechtbanken, anoe tadina teu digadjih koe Gouvernement.

R. R. Bandoeng.

Noe dibarempoegkeun dina pasamoan Rengrengan Koemetir R. R. Bandoeng noe diajakeun dina tanggal 5 October 1934, njaeta saperti noe diberendelkeun dihandap ieu:

Oeroes-oeroesan desa.

Ngesahkeun salinan Leter E. ti desa Tjileueur, district Tjimahi, tanggal 3 Augustus 1934, tina hal ngabadamikeun ngomean sasak desa Tjirende koe Wignjo.

Idem, desa Pangalengan, district Bandjaran, tg. 17 Augustus 1934, tina hal njieun pasar desa.

Idem, desa Tjipakoe, district Tjitjalengka, tanggal 1 September 1934, tina pasal noeroenkeun sewaan tanah desa tina f 42 kana f 20.

Ongkos ngoeboer majit djelema anoe waloerat.

Ngawasakeun pikeun ngaloearkeun doeit reana f 51,50, njaeta pikeun majar ongkos ngaloeat toean A. J. de Groot anoe geus tilar doenja dina tanggal 15 September 1934 di Indisch Bronbeek.

Soembangan pikeun ongkos tatamba personeel.

Ngawasakeun pikeun ngaloearkeun doeit anoe reana 75 pCt. tina djoemlahna ongkos anoe di kaloearkeun pikeun majar oeroet tatambana:

Rd. Sosrosoedirdjo, Mantri Boekhouder Sectie West Bandoeng, anoe gedena f 5,63.

R. Habib Djajaperbata, schijver kelas hidji di waterleidingbedrijf, anoe gedena f 3,75.

R. Mardi Hulpschrijver idem, anoe gedena f 3.

Babandingan beubeunangan paoesahaan pasar R.R.

September 1933	f 6013,75
September 1934	f 5628,27
⅓ taming 1934	f 5425.—

Owah.

Hidji Goeroe desa di bawahan district Tjililin keur waktoe manehna ngadjar geus ngadak ngadak djadi owah, ari lantaranana tjenah mah entas tirakat. Katjida pisan anoe teu sangkana ari sababna di antara babatoeranana manehna teh pang bageurna pang loenggoehna tjek babasaan tea mah nja ritana oge sabedoeg sakali.

Gemeente Bandoeng

Dina powe Rebo tanggal 10 October 1934 Gemeente Bandoeng baris ngajakeun openbare vergadering. Tempatna di Gedong Gemeente Logeweg 8.

Noe rek ditjaritakeun njaeta:

1. Netepkeun Notulen dina koempoelan noe anjar kaliwat.
2. Ngangkat Wawakil Wethouders
3. Rekest R.I. Martawidjaja moendoet verlof.
4. Idem Contrloeur Tjatjahdjiwa Tiong Hoa.
5. Idem ti toean Th. de Leeuw
6. Voorstel ngangkat Persoeneels Commissie.
7. Panoehoen ti Hoofd Telefoon net pikeun njieun djalan telepon di sisi Tjimanoekstraat djeung Tjilakistraat.
8. Idem di sisi djalan Ruysdaalweg, Pietr de Hoogstraat, De Jongweg djeung Nicolaas Maosweg
9. Rekest menta subsidie ti Comite pikeun noeloeng noe ngalanggoer Priangan.
10. Voorstel njoehoenkeun hak eigendom ka Nagara tina perceel perceel noe kaseboet dina meetbrief tg. 15 December 1924 No 869, 870 djeung 871.
11. Voorstel netepkeun kohier kohier noe kaseboet di handap ieu.

Padieg paknsaban 1934 Kohier No VI lobana F 1372 85.

Padjeg andjing Cohier No. III lobana F 645.

12. Voorstel pikeun ngoerangan djeung ngahapoeskeun aanslag tina sawareh padjeg pentjarian noe geus ditetepkeun.
13. Rekest „Bandoeng Vooruit" tina pasal standplaatsen pikeun mobil djeung hal tarief taksi.
14. Voorstel pikeun netepkeun jen teu widi ditjitjingan deui imah noe aja di djalan Djamika No. 67. 67 A djeung 67 B.
15. Ngabagi-bagi afdeeling pikeun mariksa rarantjanh begrooting.
16. Netepkeun begrootingsrekening 1933, sakoemaha noe kaseboet dihandap ieu:

Gedena panarimaan	F 8.105 043.21
Gedena kaloearan	F 8.104 576 82
Aja oentoeng	F 466.39

Koeli contra entjek mindring.

Dina powe Saptoe noe anjar kaliwat di hareupeun kantor Radio di Tegallega geus kadjadian aja koeli pagawe di dinja bangsa Indonesier perang tanding djeung entjek mindring.

Ari asal moeasalna kieu:

Saboebarna pagawe-pagawe di eta kantor radio, waktoe eta koeli anoe kaseboet di loehoer balik, di satengahing djalan dipegat koe entjek mindring sarta zonder pardon ditagih hoetangna. Tapi nagihna teh kalawan kakerasan, lantaran eta koeli teh dibedol tina kareta mesinna sarta teroes di tondjok koe eta entjek mindring meunang 2 kali nepi ka ngadjilipong.

Sanggeus kitoe mah si koeli teh tjapang, teroes hoedang, sarta teu talangke entjek teroes di tjehtjer dibere koepat Bengkoelen nepikeun ka knock-out.

Koe batoer-batoerna koeli eta entjek mindring pada njoerakan, sarta hidji Walanda pagawe di eta kantor Radio ngomong ka eta koeli, lantaran eta entjek koe taladjakna leuwih hade hoetangna entong dibajar.

Dibajar henteuna mah wallahoealam.

Gentosna toean Douwes Dekker.

Toean Dr. F. E. Douwes Dekker moendoet koe andjeun lirena tina ngadirektoeranana sakola Handel Ksatrian. Anoe ngagentos andjeunna toean A. Pufkus ti filiaal H. B. S. Ari gentosna toean A. Pufkus tilas waarnemend directeur di A.M.S. Batavia.

-: PASAMOAN ISTRI :-

Serat Kintoenan.

Kalajan Hormat.

Diboedjeng enggalna bae, sadja bina ti pribados ngiring bingah sarehna „Sinar-Pasoendan" ajeuna parantos njajagian spesial kolom „Pasamoan - Istri" sinareng dikamoedina koe hidji redactrice, nga raos mobok manggih gorowong, margi koe perantawisan „Sinar-Pasoendan" tangtos saneskanten kapentingan-kapentingan Istri tiasa dibongbolongan.

Hawiosing ieu pribados sedja mintonkeun katoenaan, soegri patarosan-patarosan noe kasebat di handap:

a. Naha jaktos di doenia ieu teh aja „Tjinta Sadjati"?

b. Doegi kamana wates wangenna „Tjinta Sadjati"?

c. Naon hartosna „Tjinta" dina ma'na anoe saloeas-loeasna?

d. Aja deui noe njebatkeun madjar „tjinta" teh „bohong"! Naha jaktos?!

Pribados ngamadjengkeun eta patarosan, sanes pisan-pisan gadoeh angen-angen anoe romantisch, nanging: juist, eta patarosan teh (menggah noe karaos mah), ageung pisan pasamboengna ka toet kapentingan-kapentingan Istri oge dina kaamanan roemah tangga.

Moegi-moegi para Istri hoesoesna, miwah kaoem pameget oemoemna, kersa maparin wewengan, manawi saladjengna pribados tiasa ngadadarkeun margi margina anoe langkoeng paos, anoe mawi ngamadjengkeun eta patarosan, oge kantenan patali kanggo pakoemboehan kabangsaan oerang.

Sa teu atjanna sinareng saparantosna, ngahatoerkeun timpah hatoer noehoen, sarehna djoeragan Red. parantos maparinan tempat.

Tawisna

Rochajah.

Mamih bingoeng Titi ngaroengsing

M. tjalik bari ngapoet koe mesin Singer ngageuwatkeun erok 'nden Titi (poetrana anoe mistina dianggo engke sore).

T. (ka M.) Mamih, iraha atoeh parantosna erok teh, kapan engke satengah 5 kedah parantos dipake koe abdi. . . . . .

M. Haar ari Titi, kapan ieu keur didjieun, sabar bae atoeh.

T. Orokaja Mamih, ari teu kaboeroe mah, kapan engke satengah 5 Titi koedoe geus indit. . . .

M. Ari enggeus koemaha atoeh, meureun moal anggeus ari kitoe mah, ... bingoeng Mamih mah. . . . .

T. Naha make bingoeng Mamih, banda tatalang kaera kapan. . . . .

M. Enja, koedoe koemaha atoeh?

T. Gampil toch . . . . Liren bae ngapoet ajeuna mah keun koemaha abdi, asal Mamih bae iklas.

M. Enja heug bae. . . . .

T. (ngajentraan). Doemsa bawa ieu mesin ka pakgade, geuwat koe aing rek dibeulikeun ajeuna.

M (bari ngahoeleng). Nepi ka ki toena Titi mah. . . . .

T. Tjek abdi oge sing iklas Mamih, banda tatalang poetra, ieu djalan pangoenjoekna tjepet toer gampil.

M. Heu-uh, enja bener Ti, naon deui Ti noe rek dibawa teh?

T. Ah alim ari disoengkoen mah Mamih, mesin oge tjoekap

M. (dina manahna) Kadieun beak oge da ngabelaan anak.

Titi-abdi.

TELEGRAMMEN

Tina s. s. k sedjen

Henteu dikoreksi.

EUROPA.

Hoeroe hara di Spanjol.

Catalonie nangtoeng sorangan.

Madrid, 6 October (Aneta Tr. Oc Aid.). Radja ti kaoem revolutionairs, ngabogaan maksoed hajang misahkeun Catalonie ti Spanjol, njaeta soepaja nangtoeng sorangan.

Noeroetkeun bedja ti Borcelane, Generalidad ti Catalonie ngajakeun koempoelan ngabadamikeun misahna Catalonie ti Spanjol, sarta sateroesna bakal diembarkeun.

Di sawewengkon Catalonie di ajakeun pamogokan oemoem.

Di sapandjang djalan di Borcelane, loba djelema anoe njeboetkeun: Viva la Republika litera de catalanie anoe hartina: Salamet kamerdikaan catalonie.

Kaajaan politiek di Spanjol beuki panas bae. patali djeung ajana poetoesan Genelidad, rek noengtoen lamoen aja burgervorday (perang djeung batoer sorangan)

Ti barang djleg Spanjol ngadeg republiek, oge bareng djeung ajana staking anoe di organisierd.

Saratoes djelema anoe paeh, djaba anoe taratoe. Tiloe reboe anoe ditangkepan.

Wates Spanjol — Prantjis di toetoep, sakabeh djalanan kareta api teu bisa didjalanan, sarta pamarentah ngajakeun atoeran-atoeran pikeun nengtremkeun kaajaan.

Di Catatonie beuki hebat bae ajana pergerakan kamerdikaan Catatonie, njakitoe deui kaoem merah di saban-saban kota ngajakeun propagandana.

Pamarentah Catatonie, atjan ngajakeun wawaran anoe officieel kana kamerdikaanana Catatonie, djadi rada pasalia djeung bedja anoe mimiti.

Di Lerida kaoem communisten djadi toean di Radiostation, sarta njeboetkeun propaganda, jen Catatonie Prarenicie Baskis bakal djadi republiek.

Koe partij-partij anoe sedjen anoe teu moepakat kana kaamet ta Lerrous, diajakeun campagne (propaganda ngagorengkeun) jen bakal aja Banarepubliek Spanjol anoe katiloe.

Dina peuting kamari dimanamana aja kabar Premier Azana, pamingpin partij republiek bentji, bakal njekel deui nagara, njaeta bakal djadi President republiek Spanjol anoe katiloe.

Kadjadian kakoesoetan, di Austria beuki katjida bae. Pagawe tambang-tambang di eta tempat, ajeuna Toean, sarta kapala-kapala pamarentah dititah baralik ka imahna.

Dina powe Saptoe kamari, bisa djadi aja kadjadian kasoesahan.

Dj Madrid ajeuna geus tiis (djempe), tapi pagawean, loba anoe di taroenda.

Minister djero nagara, ngawawarkeun koedoe sabar tjenah dina kaajaan anoe saperti ajeuna.

Peuting kamari djol aja bedja ti sakan provinscie, bedja anoe matak ngareuwaskeun.

Nja eta di Medina di Rioteka, henteu djaaih ti Vatladolid, kaoem exctremister geus ngarampog post politie sarta aja 7 anoe poeh.

Sateroesna maranehanana ngajakeud panghalang didjalanan ngadjaga bisi datang balatantara, sarta sateroesna timboel kariboetan antara kaoem pembrontak djeung balatantara, tapi kaoem pembrontak henteu bisa dielehkeun, balatantara kapaksa moendoer noenggoe bantoean.

Di Mandragagon hidji waktoe dipaehan, sarta di San Sekostion, hidji ambtenaan oge di paehan.

Radja Alexander ka Frankrijk.

Radja Alexander geus angkat ti Belgrado ngadjoegdjoeg Frankrijk, kira tanggal 9 October pisoempingeunana.

Angkatna ti Dalmatie nganggo torpedojager „Dubrovnik noedjoe ka Corsica. Di djalan di exorter koe Framche Middellandsche Juoloot nepi ka Marseille.

Di Parijs kasoempingan Radja Alexander teh dianggap peuting, sarta babadamian di Parijs djadi pangaroeh kana babadamian Barthou (Fransch) djeung Mussolini (Italie).

ENG AUN TONG

Molenvliet West 174 - Telefoon Bt. 1090

Bisa didapat pada semoea Apotheek-apotheek dan Drogisterij-drogisterij

SEKARANG EN DOELOE!

DOELOE! Barang mahal . . . Oewang moerah!

SEKARANG! Oewang mahal . . . . . Tetapi:

Barang lebih moerah lagi

DOELOE! Belon ada toko jang bisa djoewal dengen harga seperti dibawah ini:

SEKARANG! Ada Toko di LOGEWEG 14 dimoeka roemah Setan, perapatan kantor Waterleiding

Namanja **DIAMONDSHOWROOM**

M. WITSENHUYSEN

TOKO MAS INTEN

GIWANG BRILLIANT	Jang doeloe	f 400.—	Sekarang	f 65.—
„ „	Jang doeloe	f 100.—	Sekarang	f 20.—
TJINTJIN MARKIES	Jang doeloe	f 200.—	Sekarang	f 35.—
LEONTINE BRILLIANT	Jang doeloe	f 150.—	Sekarang	f 30.—
HORLODJI TANGAN MAS	Jang doeloe	f 100.—	Sekarang	f 30.—

Ongkos bikin barang mas inten terlaloe moerah

Seperti: TJINTJIN KAWIN 30 CENT, TJINTJIN TJAP 90 CENT, PENITI f 1,— GELANG f 1,25 TJINTJIN MARKIES f 2,— TOESOEK KONDE f 1,50.

KALAU TIDA PERTJAJA BOLEH DATENG DI

LOGEWEG 14 dimoeka Kebonsirih Telf. 777

201

Awas - Awas - Awas

inget djangan loepa

Groote Uitverkoop

SILK 42 PALACE

Moelai tanggal 28 September sampe 12 October 1934

lamanja tjoema 15 hari sadja, kita akan mengadaken speciaal „GROOTE UITVERKOOP" dari roepa-roepa barang boeat keperloean Toean-toean Njonja-njonja en soedara-soedara sekalian

Kita harep sama semoea Toean-toean, Njonja-njonja en **soedara-soedara sekalian**, soeka mampir di kita poenja Toko, **boeat menjaksikan** kita poenja Speciaal „GROOTE UITVERKOOP

Sebelonnja Toean-toean Njonja-njonja en soedara-soedara **sekalian mampir** di laen Toko, tjoba doeloe mampir di kita **poenja Toko**, soepaja Toean-toean, Njonja-njonja en soedara-**soedara sekalian mendjadi taoe, kita** poenja toko barangnja banjak **model en harganja djoega djaoeh lebih moerah** dari laen-laen **Toko.**

Ini kita ada toelis sedikit nama barang-barang itoe: Roepa-roepa Gabardine 100 pCt. wol, Fancy Panama, Tusores, Kemedja boeat Toean roepa-roepa, Dasi, roepa-roepa koffer koelit, cocos matten, Divan kleeden, Tafelkleeden, Kimonos, Pijamas boeat Njonja, Crepe Dechine, Crepe Saten, Crepe Arajang, Crepe Sagara, Crepe Hira, Crepe Luzard, Crepe Iwamoto, Crepe P K, Crepe, Uzura dan banjak lagi roepa-roepa jang kita tida toelis disini.

Tjoba! mampir doeloe di kita poenja Toko!

C. Kishinchand Assudamal

Pasar-Baroe 42 - Tlf. 747

Bandoeng.

238

Spatoe Karet (Prampoean dan Laki)

Sepatoe tennis	harga	f 0,60	sampe	f 1.—
„ nona	„	f 0,50	„	f 0,65
„ pake stelep	„	f 0,50	„	f 0,75
„ pake hak	„	f 0,50	„	f 0,65
„ kebon (kleur kopi dan item)	„	f 0,75		

Dan djoega ada roepa-roepa model dengan harga pantes.

(Kakoewatan moesti tanggoeng)

Ini semoea boleh Toean dapat pada

Toko MIYAGI
TELF. No. 24.

Toko AOBA
TELF. No. 16.

(TASIKMALAJA.)

4.50

KEREPOES boeloedroe hideung noe alit **No. 0-1-2-3** pangaosna f 4.50 1 kodi djangkoeng 9 cM. nganggo koelit Pangaos noe sanesna, seueur noe dirobih, tiasa pesen ka:

RONIH Gg. Siti 43 Bandoeng

Ngalanggan soerat kabar bangsa oerang, hartina negoehkeun peoesahaan bangsa oerang sorangan anoe engkena bisa djadi hidji lawang pikeun mere pagawean ka bangsa oerang anoe ngalanggoer

Goenting ieu koepon sareng oepami parantos dieusian saperloena, ladjeng kintoenkeun per drukwerk nganggo franco noe 2 sen ka: Administratie „SINAR PASOENDAN" di Oude Kerkhofweg 16 Bandoeng.

Administratie „SINAR PASOENDAN"
Bandoeng.

Djoeragan .....
Adres .....
Moendoet proefnummer .....
.....
Ngawitan ngalanggan ti .....
Majar sasih .....

TJARIOS

PATJADOEAN PAGADEN-PARAKANMOENTJANG

Dikarang djeung dipasieup koe

Rd. MOESA DJAJAKOESOEMAH

Tasikmalaja

(Alle rechten voorbehouden)

Samboengan kamari.

DANGDANGGOELA:

Eusi kapal awewe lalaki, sadajana taja noe waloeja, anoe salamet marabok, doea lalaki ti koentjloeng, teu tiasa ditoeloengan deui, noe mawi gampil dibegal, sadaja aloedoer. oepami teu koe sampean, ditoeloengan tanwande nemahan pati, nja njandangan sangsara.

Ari ngaran ieu djisim koering, Poedjamdjama nelah disarebat, teu indoeng teu bapa maot, teu pisan gadoeh doeloer, asal modal ti bapa pang waris, ajeuna katambah-tambah, dagang enteng tentoeng, lipet sapoeloeh bagian, dibandingkeun sinasang barang pang waris, kapal ge gagadoehan.

Gadoeh anak oge moeng sasiki, nja ti ieu oge poea bisaan, nidoe-ridoe dikekelek, teu weleh dibabantoen, lamoen tatjan ngadjodo salaki, didjagi koe biangna mah, teu pertjaja estoe, margi meng gah awewe mah, kanjaahna amoeng ngejong-ngejong ngamb'ng, ngogo sakabajangna.

Tara mikir barisna diachir, dapon poeas sapadá harita, mepes leweh sangkan repeb, didjoedjoer diempoek-empoek, emoet koering anak moeng sasiki, oepami achir gagal, taja keur ngagiloeh, menggah noe rea anak mah, jasa milih teu bageur tjikal ngagilir, teu boengsoe oge panengah

Raden anom pok mariksa deui, ari andjeun naon nja agama, djeung ieu batoer sakabeh, soedagar walon matoer, koering njembah ka sang Oetipati, panoetan Sri Mah Dewa, Batara noe loehoeng, anoe toemetes ka Rama, jen sinembah dipoendjoeng dipoedja-poedji, agama toetoeroenan.

Ladjeng Raden ka Begal ngalirik, ari paman asal oerang mana, saha ngaran anoe sohor, naon agama estoe, Loerah begal ngawalon toer tadim, koelanoen abdi gamparan, asal oerang lemboer, Soemenep ngaran nagara, doepi ngaran poen Tambin katelah nami, akoean agama Islam.

Kai Tambin dipariksa deui, tjaritakeun mamang mimitina, pang oerang djadi barangkot, babarerengan reudjeung doeloer, pok waktjakeun oelah isin-isin, kapala begal oendjoekan, sim abdi saestoe, rek mioendjoek ka gamparan, moal aja saroepi anoe dihiding, soempah sareng sawaktjana.

Bapa abdi sakalintang soegih, di Soemenep henteu aja doea, artana kebon mang keteb, Pa Saerah nami mashoer, tetelahan doeloer djisim abdi, awewe pangkolotna, geus maot ti pajoen, kantoen lalaki doeaan, noe panengah enja ieu djisim abdi, poen Tamboen nami boengsoena.

Saparantos maot doeloer abdi, poen bapa teh sanget kaedanan, ka kantoen seuweu awewe, oedoer mangtaoen-taoen, wantoe awewe sasiki, aja ge lalaki doea, teu kalis teu lipoer, sabada sae oedoerna, leler oge teu teuing ka pati-pati, doepi adat poen bapa.

Langkoeng keras ka anak ka rabi, henteu kaop lepat padamelan, ambek ngageboeg ngarangket, tempo-tempo sok noendoeng, koret pisan koe sagala roepi, soemawon kanoe lian, ka anak ge kitoe, nadjan ka poen biang pisan, kaperloean pakeun awakna pribadi, sami bae tjetjelna.

Saparantos doeloer nilar lahir, bet poen bapa tibalik manahna, djebrol sareng orowodol, adat keras djadi lemoe, ragrag soempah soepata ka koeping, tjadoe ngerasan ka anak, djeungna deui lamoen, anak aja kabajangna, moal arek dipoengpang reudjeung dipoesing, sagala ditjoemponan.

Waktoe eta abdi masih alit, hinten oemoer tahoen niatjak welas, doepi poen adi mah angot, sadaja sami didjoedjoer, raos senang ngahenanghening, bapa taja ganggoena, meong sakarep isoen, henteu ngadji teu sakola, taja gawe sadidinten teh ngan oelin, pakean noe endah-endah.

Doepi biang henteu lami deui, atoeh bapa taja noe ngadepan, ladjeng gadoeh deui bodjo, biang tere langkoeng-langkoeng, heding hangit kesit sareng medit, bisaan olo-elona, poen bapa katipoe, ngagoegoe sakabajangna, tjoel ka anak teu malire teu merdoeli, ampir seep bandana.

Sakantoenna dihibatkeun ledis, tetep djadi milikna poen biang, tina saena pangolo, ka poen bapa ngempoek-ngempoek, ngaloearkeun djangdji lemes manis, basana sim koering kakang, anak henteu gadoeh, lian ti doea baroedak, anoe baris nampa barang djisim koering, moal kamana soknа.

Indoeng bapa koering enggeus ledis, henteu boga doeloer djeung baraja, mo kamanna deui nja sok, sadjaba doea si agoes, koe sim koering mo di lain-lain, dianggap anak soraangan, noe beunang ngakandoeng, djagana baris boemela, lamoen pareng pandjang oemoer djisim koering, baroedak anoe ngarawat.

Ieu banda djadi bakal hoerip, moal beak ti waktoe ajeuna, koe baroedak dikorowot, wantoe keur meudjeuhna latjoer, tatjan tjoekoep wiwahana deui, karesep ngamonjah-monjah, tangtoe adjoer leboer, geus asoep ngaran koering mah, moal enja baroedak oge warani, ngaganggoe ieu barang.

Tenakoeroeng.

DIGITIZED BY PERPUSNAS RI INDONESIA

SINAR PASOENDAN

LAMBARAN KADOEA No. 226 TAOEN KA 2
SELASA 9 OCTOBER '34 — 28 DJOEMADIL ACHIR 1353

Fadilah boelan Radjab

TANGGAL 10 October 1934 dinten Rebo ngawitanana sasih Radjab. Doepi perkawis sasih Radjab teh eta sasih anoe katjida agoengna sareng dimoeljakeun koe Allah taala Ibadah dina sasih Radjab tageung pisan gandjaranana soemawonten dianggo saoem mah istigfar tobat tina dosa-dosa, malah dina tanggal hidji na Radjab mah sagala pangdoenga sok disoebadanan koe Allah taala, karana dawoehan kangdjeng Nabi s.a.w. Aja peuiting lima noe tara pisan ditoelak sagala pangdoengana oge koe Allah taala, di na eta noe 5 peuting njaeta le dina malem tg. hidji Radjab, ka 2 peuting nispoe saban, ka 3 malem Djoemaah, ka 4 malem Lebaran Ramdon, ka 5 malem lebaran Rajagoeng. Dina tag 27 Radjab kangdjeng Nabi Moehammad s.a.w. parantos angkat ka masdjidil aksa malah tras ka langit ka 7.

Boelan Radjab teh kaasoep boelan hoeroem, boelan noe dimoeljakeun koe Allah, malah keur anjar keneh gelarna agama Islam diharamkeun perang dina boelan Radjab teh. Tina kamoeljaanana boelan Radjab nepi ka ibadah dina eta boelan gandjaranana ditikel tikel, djeung ditikel-tikel siksaan nana dosa noe dipigawe dina eta boelan Radjab.

Tina seueurna rochmatna Allah taala noe dipaparinkeun ka saoer noe tarobat, nepi ka diseboetna oge eta boelan teh koe oerang Arab mah asob (ngoetjoer) tjara tjai djeung diseboet boelan rodjam (panoendoeng) karana satroe-satroena Allah djeung setan-setan ditoendoeng didjaoehkeun soepaja oelah bisa nganjenjeri ata wa ngagoda ka para walina Allah djeung ka solihina Allah.

Dawoehan para oelama, boelan Radjab teh eta boelan oesoem istigfar, ari boelan Saban eta boelan oesoem solawat ka Kdj. Nabi, ari boelan Ramdon eta boelan oesoem matja koer'an. Koesabab eta koedoe paropohoan kana ibadah dina boelan Radjab, karana oesoem loba kaoentoengan

Dawoehan Sjech Wahab bin Moenabbih, kaoela geus matja dina kitabna Alloh, saha-saha noe istigfar dina boelan Radjab, isoek djeung sore bari ngadjoeng djoengkeun leungeun, kieu pokna: Allohoemmagfirli warhamni watoeb 'alajja, Soendana: He Alloh moegi nga hapoenten Goesti ka abdi Goesti sareng moegi mikawelas Goesti ka abdi Goesti sareng moegi masihan pangaksami Goesti ka abdi Goesti. Sing meunang 70 kali, eta djalma moal antel-antel atjan koelitna djeung seuneu naraka.

Ajeuna noe bade diserat sajidal istigfar noe diwoeroekeun koe Rasoeloellah kedah diaos isoek-isoek 3 balikan, sore 3 balikan, nja ieu di handap:

Allohoemma anta robbi lailaha illa anta cholak tani waana abdoeka waana ala ahdika wawadika mastatatoe aoedoebika min sjarri masonatoe waaboeoe, laka bini matika alajja waaboeoe bidanbi fagfirli fainnahoe lajagfiroeddoe noeba ila anta.

Hartosna He Alloh Goesti teh Pangeran abdi Goesti noe henteu aja deui djabaning dampal Goesti, dampal goesti parantos ngadamel ka abdi Goesti sakoemaha noe parantos diparentahkeun koe Goesti teh ka abdi Goesti koe djisim abdi henteu tiasa katjoempenan tina lantaran kaapesan djisim abdi koe margi eta moegi Goesti kersa ngaraksa ka djisim abdi, doemeh djisim abdi lalawora talobeh awon midamel parentah Goesti sareng moegi Goesti ngaleboer kana dosa abdi, noe parantos dipidamel koe Goesti, da henteu aja deui noe baris ngahampoera kana dosa lintang ti Goesti.

Di tjarioskeun dina kitab Tardjamahna Sjech Adihoeri. Saha2 noe matja: Ahmadoerrosoe loelloh Moehamadoero soeloelloh meunang 35 balikan dina salilana imam aja dina paimbaran keur choetbah Djoemah dina panoengtoenganana Djoemaah boelan Radjab, kaleresan ping 24 Radjab atanapi dina ping 2 November 1934 eta djalma noe matja kitoe moal ngarasa teu boga doeit sapandjang taoen eta.

Ieu doenja Radjab amalkeuneun ti tg 1 Radjab nepi ka tg 10 Radjab. Soebhanal kaijil kitjoem hartosna maha Soetji Goesti Allah djoemeneng 100 ibalik saban-saban powe.

Ti tg. 11 nepi ka tg. 20 Radiab Soebhanallohil ahadissomad hartosna maha soetji noe teu aja kakoerangan 100 kali saban-saban powe.

Ti tg. 21 Radjab nepi ka tg. 30 Radjab. Soebhanar Ro-oef hartosna maha Soeljoe noe welas asih 100 balik saban powe.

Gandjarannana tanpa wilangan kanoe ngamalkeun saha-saha djalma poeasa sapowe boelan Radjab harep ngestokeun ka Alloh djeung harep kana karidoan Alloh taala bae, teu aja pangarahan naon-naon mangka wadjib eta djelema meunangna karidoan ti Alloh taala djeung ditempatkeun di sawarga firdos anoe loehoer.

Saha-saha poeasa doea powe mangka diparinan gandjaran tikel-tikel doea dina sahidji hidji tikel sabilangan goenoeng doenja djeung saha-saha poeasa 3 powe mangka ngadjadikeun Alloh soebhanahoe wataala antara eta djeung antara na kanaraka aling-aling djaoehna lalakon leumpang satahoen komo teuing leuwih ti 3 powe mah. Sareng seueur-seueur deui fadelahna.

Kapajoen oerang njarioskeun miradina kdj. Nabi Moehamad S.A.W.

Mangga oerang pada aribadah sakoeat-sakoeatna dina sasih Radjab soepados kenging kaoentoengan doenja acherat.

A.S.

Oelah osok lang-soeng saoer

Dina waktoe-waktoe ieu beu nang diseboet alam haringhang karasana koe noe soee mah estoe matak salempang pisan.

Koe watekna alam, loba pisan kadjadian kadjadian anoe matak djadi katoegenahan, komo lamoen ningal pasawahan di oenggal tempat loba anoe beak digasah koe beurit djeung roepa-roepa noe dja di lantaran.

Koe gagalna njawab oge geus matak salempang pisan, bener na djan dina euweuhna beas bisa di kirim ti loear nagara, orokaja ari taja doeitna mah noe tangtoe tetep bae matak ripoeh, komo noe taja kagadoeh, tjatjak noe lega sawah na oge ari gagal oenggal njawab mah nja matak soesah.

Kaom beeroeh katembongna tambah ripoeh, da patjabakanana tambah loba, loear biasa tinoe geus kalampahkeun, katambah oepahna tambah ngoerangan.

Masih moen mikir ngan sapedah koe koerangna boeroehan, orokaja mikir koe ajana over Compleet, moal boa noe hiroepna ngan koe ngajakeun tina beunang koeli bae mah, nja matak roemenghap tjara koering baheula keur djadi kaom boeroeh beurang peuting ketjap over Compleet teh njelap bae dina ati.

Koe sabab geus ngarasakeun tea lamoen ngoeping noe langsoeng saoer teh estoe sok roemenghap, tjeuk hate geuning batoer mah sigana loegina pisan, kawas henteu ngabandoengan kana padjamanan noe sakieu harenghengna teh.

Teu ngingetkeun jen djeneng teh ngan poepoelasan banda sasampiran, djodo saroea djeung wajang tergantoeng kakidalang.

Njoreang kanoe daragang lamoen seug ngoeping anoe saroegal sok matak handjakal, bet oejoehan bisa laloeasa dina kasoegalan sakitoe loba tjonto tionto anoe baroekti, henteu saeutik anoe modal na reboe laksa nambroe koe roegi djaman kiwari.

Sakitoe weritna alam kiwari teh, lamoen oerang daek naloengtik boekti boekti anoe roegi koe alam kiwari asal daek oerang tetelepek tangtoe manggih boekti boekti, anoe asal roegi tina kiwari.

Anoe enggeus katjoektjroek tina kaom nganggoer noe taja kagadoeh katjida gampangna meunang boekti boekti teh sababna mah taja lian ngan maranehnageus teu ham ham njarita ka sasamana.

Sakitoe weritna alam kiwari teh, lamoen oerang daek naloeng tik boekti-boekti anoe roegi koe alam kiwari asal daek oerang te telepek tangtoe manggih boekti boekti, anoe asal roegi tina alam kiwari.

Anoe enggeus katjoektjroek tina kaom nganggoer anoe taja ka ga doehna, lantaran koering kaom nganggoer noe taja kagadoeh, katjida gampang meunang boekti boekti teh, sababna mah taja lian ngan maranehna geus teu ham ham njarita ka sasamana mah, nepi ka teu diboeni-boeni deui, madjar teh bareto mah . . . . . .

Koering katjida moedjina kanoe kandel imanna, sakitoe nandang kasoengkan, tapi teu daek kana ngalampahkeun anoe matak nga langgar kana larangan-larangan Nagara kadjeun tjeuk Agama ha roem, tapi koemaha da ngabela beuteung oelah tepi ka kalaparan. Deui loba anoe njareboet hina, tapi tinimbang ngalanggar larangan Nagara nja apan bole boeat.

Naon hina djeung haram teh, saperti dagang igel ngepjah di boeroean batoer, kalawan dang danan mahiwal, nabeuhan maneh koe soengoet. Poegoeh bae estoe koe saliwat mah, matak tjoea tapi lamoen koe oerang d lenjepan ka tjida matak ngahelasna, tjenah timbang maling kadjeun diseboet djelema owah da poegoeh enja owah, bareto mah boeboeroeh a noe henteu karana ripoeh, tapi koelantaran djadi kaom nganggoer taja ka gadoeh nja kapaksa kieu, tjenah asal oelah ngarempak larangan-larangan Nagara.

Tjenah anggahota taja kakoeroenganana pirakoe make koedoe niroe noe djompo, atoeh saroea bae djeung ngabobodo Allah, toer lamoen kabetak, koe Nagara oge geus matak tjilaka, sabab saroea djeung nipoe.

Soerat Kiriman

(Loear tanggoengan Redactie)

Wien de de schoen past trek ke hem aan.—

Koe toelisan Bertha dina "Sin. Pas" tgl. 25 Sept. tina perkara noe ngakoe-ngakoe Journalist di Tasikmalaja geus aja noe ngarasa kasikoet.

Djrg. Ikik Wiradikarta Journaslist djeung tilas Corr s. k. G. P. enz sanadjan saoer andjeuna teu ngarasa kasintreuk koe eta toelisan tapi keukeuh hajang nga djawab, lantarn saoer andjeuna asa njabit tjenah dina pasal aja noe ngadekan di Tjibalong, sabah saoer andjeuna nja andjeuna pisan anoe dikadekan di Tjibalong teh.

Koetan andjeuna?.

Bertha bet hajang seuri.

Piheun Bertha sanadjan djrg Ikik nganken jen geus aja noe ngade kan masih keneh boereng bae naha koe saha djoeragan Ikik dikade kannana teh, sabab di Tjibalong djeung Singaparna teh lain djrg Ikik bae noe geus dikadekan teh, malah geuning aja noe di paehan sagala.

Naha saha atoeh noe dikadekan lantaran tjo logog ka pamadjikan ba toer teh?

Ieu hal terserah ka Djoeragan Ikik bae.

Saterasna djoeragan Ikik moebak maboek ka Bertha tjenah toelisanna teh samata-mata ngan rek ngaboerengan Sin. Pas. woeng koel.

Koe ajana ieu tjariosan ti Djoeragan Ikik saroea dieung Djrg. Redactie Sin. Pas. teh balangah, koerang taliti, taja kanjaho, toer moestahil noe djanten Redacteur koerang titih rintih henteu njoektiroek galoer mapaj tapak djeung tabeat hidji-hidji djelema mah. Tjariosandjrg.I teu merenah ditoe djoelkeun (ka Bertha) kanoe tatjan tjatjad (tapakan) sabab loeloehoer Sin. Pas oge langkoeng taliti isareng oeninga.

Ketjap O.T.M. dongkapna tina lisan djr. Ikik, nja ajeuna oge oerang retour deui bae.

Dina ngabohongkeunnana djr. Ikik kana toelisan djr. Karbol, di na s.k. „G.P." tjenah toelisan teh teu bener lantaran dinoot saoer djr. Ikik mah di comentaran koe Redactiena.

Oepami djr. Ikik belet mah kana eta toelisan djr. Karbol, mangga oerang dadarkeun didieu. Koe margi dinoot teh djr. Ikik, doe meh salah sawios Redacteur „G. P." aja noe djanten secretaris „P. S.T.S." Andjeuna lantaran djanten secretaris P.S.T.S. tea teu rek nanggel kana ajana eta toelisan, nja djr. Karbol koe andjeun anoe kedah nanggel. Sanes eta wartosna teu bener sakoemaha anoe koe djr Ikik dina Sin. Pas. diserat.

Moegi pikeun kapajoen mah ari maos s.k. teh sing lantip sareng hartoskeunnana.

Perkawis djr. Ikik ngotjek-ngotjek mentaliteitna djrg. Karbol di „G.P." sim koering teu bisa pandjang tjarios, ngan papaj bae ka Hoofdredacteurna.

Naha saha noe ditjeum paltehdjrg. Ikikatana pidjr. Karbol?

Saoer djr. Ikik tjenah Karbol ajeuna njajang aja di Sin Pas. atoeh da djr. Carbol mah kaditoe kadieu oge taja kagorengan.

Geuning tjek paribasa Walanda tea mah. „Met de hoed in de hand komt men door het gansche Land" Kaditoe kadieu oge moal boeroeng aja noe ngakoe, henteu kawas djr. Ikik dipilari seratannana di oenggal serat kabar teh kosong alias nihil nja kitoe tea bae eta mah teu . . . . . .

Kapan dina G.P. koengsi aja wawaran jen G.P. geus teu aja perhoeboengan naon-naon djeung djr. Ikik.

Sanes kitoe djoeragan Ikik?

„Bertha"

Sakitoe weritna alam kiwari teh, asa henteu koedoe dina alam ajeuna make koedoe langsoeng saoer babe tjarek teh, da alam bedil soendoet atawa bedil goro long.

Sakali deui oelah osok langsoeng saoer, koedoe ngaragap angen sorangan heula samemeh ka batoer teh.

W.

SOMAH DESA

Koe: A. K. W.

XXXV

(Panoetoep.)

Lamoen oerang leukeun moekaan boekoe-boekoe titinggal karoehoen oerang, remen manggihan rahajat ngalawan anoe mangroepa pemberontakan, rahajat remen ngajakeun revoelisi sarta anoe njekel rol penting teh goeroe rahajat. Hal ieu djadi hidji boekti, jen kagoeroean teh dina masarakat oerang beunang diseboet pokona kaloehoeran bangsa oerang, goeroe dina hiroep koemboeh rahajat, tetela rochna masarakat.

Di loehoer geus diseboetkeun, jen kawadjiban achli atikan nasional teh katjida beuratna, saperkara koelantaran tanaga oerang teh koedoe lir ibarat roentah sangkan bisa hoeroeng rochna boedak Lir ibarat roentah (amoek) njaeta ngandoeng zat-zat, sari-sarina, geusan kahakanan pepelakan, nja kitoe deui tanaga oerang teh koe doe mere sari geusan maraban roch boedak, soepaja djadina bisa sampoerna. Anoe dimaksoed tanaga, nja eta sagala noe kaloear tina roch oerang (wat onze ziel naar buiten projecteert), tiindekna ketjap, tingkah lakoe djeung sagala kalakoean oerang . . . sakoemna koedoe nimboelkeun mangpaat kana roch boedak, hartina baroedak oerang koedoe meunang tjonto anoe sahade-hadena ti goeroe Lain ketjap noe araloes, noe loehoer loehoer, noe djero djero, tapi sagala ketjap anoe kaloear ti goeroe, koedoe ketjap noe beresih di barengan koe sagala kalakoean noe saimbangan djeung eta ketjap, nja noe kieu pisan anoe bisa mere daja kana roch boedak.

Naon goenana oerang ngagorengkeun roepa-roepa bako lamoen oerang masih ngabiasakeun oedoed? Toekang oedoed, henteu aja hak nganasehatan djeung nerangkeun kagorenganana bako, sabab koering wani nanggoeng, eta nasehat teh moal aja njangsangna, lir ibarat tjai dina daoen taleus.

Naon goenana oerang njebarkeun binih tjinta kana kaloeginaan Indonesia, lamoen oerang sorangan masih resep ngoeroengan manoek dina koeroeng? Naon goenana oerang medarkeun karahajatan, lamoen oerang sorangan masih ngadjalankeun panindesan?

Sanadjan oerang masih ngora, tapi doekoe ngabogaan adat pandita, daek teu daek, oerang koedoe merangan hawa napsoe oerang sorangan djeung ngabogaan tanaga loehoer, sabab dina waktoe prak ngatik, sarengkak saparipolah koedoe toeroetaneun boedak.

Toekang ngatik teh salawasna dibandoengan koe rahajat.

Beuki ngarti kana harga diri oerang dina masarakat, beuki beurat kawadjiban oerang terhadep ka rahajat djeung lemah tjai. Beuki insap kana beuratna kawadjiban oerang, tanaga oerang beuki tembong, djeung bakal leuwih sampoerna atikan oerang anoe diawoerkeun ka rahajat. Oentoeng rahajat oerang geus rea noe ngarti kana hartina atikan nasional, sarta dimana goeroe nasional aja noe ngadjalankeun kalakoean noe teu moenasabah, rahajat geus aja noe wani ngalabrak. Hal ieu djadi hidji kaoentoengan, sabab sasama rahajat geus wani ngabeberkeun katjoerangan oerang, teu meunang henteu tangtoe baris kahontal self-discipline anoe saloeas-loeasna. Djeung lamoen self discipline anoe saloeas-loeasna geuskahontal, atikan nasional bakal leuwih sampoerna tibatan ajeuna.

Sing saha anoe geus insap, manehna bakal ngakoe, dina djero masarakat teh dipertjaja ngatik baroedak, hartina dipertjaja ngaraksa djadina roch boedak, koe sabab eta geus tangtoe bakal ngarti sorangan. jen oenggal-oenggal tanaga anoe baoe-baoe karen dahan koedoe dibersihan. Saenja na lamoen self-discipline geus njata aja di oerang, oerang teu koedoe soesah deui oenggal-oenggal taoen ngajakeun gempoengan.

Ngagolerkeun kawadjiban oerang, ngadjeroan soemanget nasional loe.ina, kalawan perantaraan pangadjaran djeung atikan anakna somah desa, baroedak anoe aja dina lapisan handap. — — — — — — — — — —

Meureun koering diseboet titing gi hiber ka langit, wani-wani medarkeun atikan djeung pangadjaran nasional, ageman noe hatang djadi toekang ngatik kabangsaan, awoerkeuneun ka anak somah desa parandene kitoe rek nganggap naon naon oge teu aja halanganana, da ngadagoan achlina medarkeun ieu soeal, lir ibarat ngadagoan beloet sisitan, oraj djang tjangan, lebeng dina soerat soerat kabar teh teu tembong.

Goeroe anoe dipiboetoeh koe somah desa, Goeroe anoe meunang atikan nasional, njaeta soepaja bisa ngatik ka baroedak desa, sina pertjaja kana diri sorangan, oelah goemantoeng ka deungeun, oelah diatik kana kaom boeroeh, nepi katendiona ajeuna ma baroedak oerang anoe geus ngantongan diploma, siga anoe teu poeas oepama manehna teu diadi kaom boeroeh teh.

Kakara inget ka oerang desa, dimana geus dsepak koe doenoenganana, geus disepak tina lapang perboeroehan, geus djadi bangkarak, ari keur aja dina kasenangan mah, kasenangan keur diri sorangan, ih sigana bae geus lat poho ka somah desa anoe sangsara teh . . . . .

Koe ajana artikel somah desa, sakoemaha noe koe para maos oge kaoeninga, geus aja noe kasigeung koe toelisan sim koering, doegi ka werana, njangka noe lain lain

Bisa djadi anoe kasigeung teh, ngarasa handjakal pedah koering medarkeun kamalaratan oerang desa. Parandene kitoe tangtoengan koering [kajakinan) moal robah, tapi baris teroes dihantja, naon noe katimbang perloe kaoeninga koe noe wadjib. koe sim koering baris diasongkeun.

Moestahil ari koedoe ngabohong mah, ngiloengan kaajaan di desa.

Oerang desa teh sabagian gede, hiroepna katjida soesabna, djadi teu koedoe diseboet loebak liboek hiroepna.

Marhaen! Marhaen! anoe djadi panghalang kahiroepan andjeun teh, datangna lain ti bangsa asing bae, tapi bangsa andjeun oge aja keneh noe daek ngahalang halang kamadjoean andjeun.

Artikel somah desa oerang toetoep nepi ka lebah dieu heula, engke sedjen waktoe oerang toeloejkeun.

Djoeragan parantos ngintoenkeun postwissel ka Administratie ?!

BOEKOE 100 DO'A

Pangaosna f 0.20 tiasa pesen ka: Drukkerij „Economy" Bandoeng

Djoeragan teu atjan ngaos ???
MAANDBLAD
DOENIA WORSTELEN?
eusina: rame, loetjoe, goembira sareng di oekir koe roepi-roepi gambar noe araneh, ngahoedang rasa kana sport.
LANGGANAN MIRAH!
Satengah tahoen (6 boelan) moeng 46 sen.
Adres: ZONDER
van Coenstraat 23 Manggarai Mr. Cornelis.

HOERSEEEH . . . . .
Ajeuna geus teu ngahesekeun deui, pikeun diadjar basa INGGRIS TANPA GOEROE meuli bae boekoena ka: Drukkerij „Economy" Bandoeng hargana ngan f 0.50 franco

ENDJING MALAISE ADVERTENTIE
f 0,25 Sakali moeat

TJARIOS PONDOK

WAWALES

Koe:

RAMOGILING.

Samboengan kamari.

Ti sanggeus njerahkeun Engkan, ngan meunang saboelan koe ring lelengohan, teroes bae kawin deui ka sakoemaha kapalajna lantjeuk koering.

Bener anjaran mah, katjida ngarasa soegemana, tapi bet teu langgeng, **ganti boelan beuki dieu bet beuki loba bae tingkah adat noe goreng ti noe djadi pamadjikan, eta ongkoh pedah tadi na oeroet djelema pangkat, toeman boga pangasilan majeng saban boelan, ari ajeuna ka koering anoe teu boga gawe, pangasilan ngarepkeun tina njawah bae.**

Ari pakaja bet kataradjang hama, estoe beak nalangsa, ras di-**roengsing koe pamadjikan. Pamenta** istoe noe lain-lain bae, teu **kaop kapoengpang saeutik,** teroes zonder epek tjek Dang Etjle **mah doer stoet ngagoegat djaman** katoekang-toekang, djaman ma **nehna boga salaki ka noe ti heula.**

Pakaja anoe tadina **keur waktoe rangkep** djeung Engkan **mah weuteuh,** ajeuna **mah estoe geus ngatjatjang** di batoer, **ma'loem loba pangaboetoeh,** katambah **noe djadi pamadjikan euweuh ka-pertjitan, estoe** teu **beunang dibawa hiroep** leutik.

Kaajaan roemah tangga teu aja kaberesan, koering mindeng **hoeleng djentoel** mikiran nasib diri njalahkeu awak sorangan, da **tjatjak moen tetep toemetep** mah ka Engkan **meureun senang bae, sanadjan digetrengan koe doeloer.**

Teu tjara ajeuna, beunang tisoesoet tidoengdoeng noe djadi **lantjeuk,** popohoan **hajang** soepaja koering **kawin** ka toercenan **menak** (njaeta pamadjikan noe ajeuna) bet karasana koe koering **mah estoe** tjeplak pahang pisan.

Och! wawales Doenja.

Ras inget ka Engkan, ras deui inget ka popotongan pamadjikan **anoe sakitoe poharana** waktoe koering kawin ka noe ajeuna **dipapanas liwat** ti oekoeran, pisakoemahaeun teuing pinjerieun ha-tena! **Toer koering djeung** popotongan pamadjikan teh estoe lain **wawoeh anjar-anjar, tapi** ti keur djaman sakola keneh, ngan ari **manehna mah neroeskeun** pangadjaranana sakola ka dajeuh, ari **koering mah henteu,** da tina boga rasa sagala aja titinggal indoeng **bapa.**

Atoeh noe tadina njobat oge, ajeuna rada ningnang, beuer **manehna mah siga teu ngandoeng** hate ka koering, tapi hate koe-**ring bet** djadi era, tina roemasa geus njieun dosa.

Ngan meunang sataoen koering ngawin sakap lalajeuk teh, **sakitoe ge seuseut seuat.**

Sanggeus koering ngadoeda deui teh henteu teroes matoeh di **lantjeuk** koering, tapi **moeroe ka** baraja koering baeka Bandoeng, **bari sakalian rek** njiar pakoelian, da ari tina njawah mah teu aja **arep-arepeun.**

Kota Bandoeng anoe sakitoe ramena, anoe djadi katjapangan **Paris van Java** teh, tjek koering mah anoe katjida teu matak **njoegemakeunana lantaran kasaweur** koe roepa-roepa ingetan noe **ngaroengsing kana hate.**

Ingetan teu beunang dibebendjokeun koe karamean tempat, **keukeuh bae** inget ka djaman 2 taoen ka toekang, waktoe koering **rangkep djeung Engkan,** katjipta, tembong kasatiaanana sarta ka-**senangan koering harita,** ari rek waktja menta balik deui era djeung **sieun geus boga** salaki.

Tapi lila-lila mah, tina keukeuh pangadjakna hate, koering **mak sakeun ngirim soerat ka manehna** maksoedna taja lian ngan koering **hajang rangkep deui, soegan manehna daek** nampa sarta ngaham **poera kana kasalahan** koering.

Heuleut opat poé koering nampa soerat ti Engkan, katjida **ngarasa boengahna** reh eusina kieu:

Engkang!

Serat pasihan katampi sareng kahartos.
Katjida teu njantenna, engkang masih aja keneh manah mileuleuheungkeun ka abdi tjatjah noe hina.
Menggah abdi mah da ti kapengker oge teu aja kaawo-nan, geura moelih bae ti Bandoeng teh.

Baktos oerang kampoeng
(W.g.) EN KAN.

Katjida boengangangna, sarta harita keneh gantjang bae balik **ti Bandoeng, moeroe ka** lantjeuk koering.

Lantjeuk koering katjida bangoen kadoehoengeunana, siga noe **geus karaoseun pisan,** jen kalepatan andjeuna noe noengtoen kana **kasangsaraan koering.**

Isoekna beunang koering dangdan sa aja-aja nja indit ka lem **boer Engkan- tapi teu moeroe ka imahna, Koering moeroe ka oe roet panjawah bapa baheula, dadakoe mah tina geus kalamian, sono, djeung aja pangaboetoeh manoek titiran.**

Koering koe priboemi diakoe djaung kaboengahan teh saenja **na.**

Lila-lila koering nalengteng nanjakeun kaajaan popotongan, **naha geus koga salaki atawa tatjan?**

Ari djawabna, parantos malah itoe geuning toeh noe nganggo **raksoekan sareng lantjingan saloer.**

Barang direret gebeg bae, mo beda ti disamber geledeg [moen **parantos mah). Moen koerang-koerangna teger hate,** djeung ong-**koh inget jen dipangandjangan,** tjeurik-tjeurik tetemenan, bakat koe **era lantaran bogana salaki** teh ka maroe koering.

Sing horeng teh meureun pangna Engkan nitah balik ti Bandoeng teh, manehna hajang ditendjo geus boga salaki.

Och! Wawales; di doenja ge geus kasorang.

N.B.

Bilih aja noe sadjenengan sareng seratan Ramogiling moegi na wakoep, margina da ari djenengan mah henteu dimonopoli.

TAMAT.

Badjing:

Kadoehoeng tara tiheula

N. V. „INSAF" Bandoeng

MILARI 1 Indonesier kangge
Boekhouder tevens Kassier di ieu Mij.
anoe ditampi, kedah anoe parantos oeninga kana ieu padamelan sareng anoe tiasa ngagaleuh aandeel N. V. Insaf f 1000,— (sareboe roepia)
Gadjih tiasa barempag.

Kabar penting!

Sengadja boeat bikin senang sekalian pendoedoek, boeat lamanja 20 hari, kita soeka kasi potongan boeat bikin portret 30 pCt. boeat Afdruk, 25 pCt. korting dari harga biasa.

FOTOGRAAF
SINAR-STUDIO
SIANG DAN MALEM
TJIKOEDAPATEUH No. 208 — DEPAN PASAR KOSAMBI — BANDOENG. —
Kabar senang! — Kabar girang! — Kabar goem'ira!
Goena pendoedoek Bandoeng.

Pembatja jang terhormat!

Moelai sekarang kita boeka Fotoatelier di sini, trima segala pekerdjaan Foto: Ontwikkelen, Afdrukken, dan Vergrooten, dengen harga bersaingan. Selaennja itoe, kita ada djoewal Lysten, Toestel toestel, Films Platen, dan laen-laen barang boeat keperloean Amateur.

Kita trima boeat Portret Siang dan Malem, atas panggilan, kita djoega bisa dateng boeat portret dalem perkawinan, pesta, dan laen-laen keperloean.

Begitoe djoega, dari afdruk djika soeda tjoekoep sedjoemblah f 2.— (doea roepia) dapet perssen satoe Vergrooting Gratis.

Datenglah tanja harga, dan djangan boewang ini koetika jang baek, boeat bikin pertjoba'an, kita pastiken sekali dateng aken berlangganan tetep, tentoe menjenangken.

Memoedjiken dengen hormat.

250

SAKOLA
Monteur djeung Chauffeur
I. E. V.
HALIMOENLAAN 26 — BANDOENG

Di djero boelan October bisa keneh narima pimoerideun. Noe bisa ditarima teh njaeta anoe geus tamat sakolana di: sakola handap.

Lilana diadjar 2 taoen

Bajaran sakola gedena f 60,— sataoen, koedoe dibajar loenas didjero 10 boelan

Noe rek asoep sakola koedoe datang ka Kepala sakola di BANGAWANLAAN 70 — BANDOENG.
— antara poekoel 4 djeung 5 sore. —

Pendjoealan Executie.
LELANG SITAH.

Pada hari DJOEMAHAT, tanggal 19 OCTOBER 1934, djam 11 pagi, di desa Tjangkoeang, kampoeng Bodjongmendja, Rantjaekek, akan dilelang barang-barang kepoenjaannja WIRADINATA, atas permintaannja SAJID MOECHSIN BIN SALEH LAHMADI, tinggal di Banjoewangi, menoeroet poetoesan Landraad Bandoeng ddo. 11-5-34 No. 138/1934, ia itoe:
satoe pekarangan besar 100 tb., terletak di desa Tjangkoeang, kmp. Bodjongmendja,
satoe roemah dan bijgebouwennja, terletak di pekarangan terseboet dan barang-barang perabot roemah tangga jang akan diseboetken dimana hari lelang.

Hoofd Griffier Landraad Bandoeng
S. TOEKAN
Adj.

Kloermaker Soegri & Chemische Wasscherij „De Zon"
Kebon Djati No. 49 —:— Bandoeng

Para djoeragan,

Kangge sawewengkon Indonesia mah moal bireuk deui, jen kota Bandoeng teh poeseurna tina sagala kamodelan.

Koemargi kitoe adres anoe diloehoer sanggem njoemponan ngadamel roepi-roepi model panganggo djoeragan. Disajagikeun roepi-roepi lawon sapertos: Gabardine, Wol, Katoen sareng seu-eur-seueur deui.

Sadaja pesenan di pidamelna koe toekang-toekang (coupeurs) anoe tarabah, anoe parantos ngadjalankeun praktijk.

Koemargi kitoe, mangga tjobian meser, tangtos njoegemakeun

Hoormatna
Eigenaar

233

Thabb dari CANTON baroe koendjoengin ini kota. Djalanken practijk dan kasi obat dengen tida trima bajaran.

KLINIEK KANTOOR THABIB KING LIN
PANGERAN SOEMEDANGWEG No. 17 TELEFOON No. 978.
BANDOENG.

Djalanken practijk dan kasi obat dengen tida trima bajaran

Pemimpin ini Kliniek perna djalanken practijk di KONG TONG 10 taoen lebih, sekarang sampe disini kasi obat doewa boelan pertjoema boeat bikin terkenal kemandjoerannja.

Inget! Goenaken obat selakoe pimpin pasoekan balatentara, kaloe djitoe obatnja kendatipoen soeda mati bisa hidoep kombali, tetapi kaloe kliroe sebaliknja penjakit tamba berat, maka djangan gegaba.

Pemimpin dari ini Kliniek, toean LEW CHEE MING goenaken ilmoe kethabiban dari toeroen-menoeroen dan tambah poela sendirinja soeda djalankan practijk begitoe lama, maka kepandean haroes dipoedji.

Teroetama prihal penjakit prampoean dan anak-anak, sakit mata, kena angin, sakit dada, batoek dan segala matjem penjakit dalem peparoe, bengkak lantaran angin atawa dari bacil, penjakit dalem toelang dan oerat, penjakit kotor (Syphilis) ambelen dan sebaginja penjakit loear dan dalem serta mengobatken dengen pake injectie (Djaroem). Pendeknja tida ada penjakit jang soesa boeat Sinshe LEW CHEE MING.

Sinshe LEW CHEE MING sekarang baroe koendjoengin ini kota soepaja publiek bisa berkenalan dengen iapoenja ilmoe kethabiban, maka ia djalankan Practijk doea boelan dengen tida trima bajaran samasekali.

Haroes dibilang sebagi penoeloeng jang besar bagi publiek.

Minta lantas preksa dateng sendiri ongkos	f 1.—
Dateng di roema di dalem kota ongkos	f 2.50
Loear kota bisa beremboek.	
Oepami palaj enggal kedah kangge ongkos	f 1.—
Dongkap ka boemi di lebet kota ongkos	f 2.50
Loear kota tiasa barempag.	

Djam preksa vrij
Pagi moelai djam 8 — 11. Sore moelai djam 6 — 8.
Memoedjiken dengan hormat dari kita.

244 Thio Kim Hien, Khoe Yauw Lim, Tjioe Teng Tin, Soen Tjhing Ting

NGALEBETKEUN

Advertentie kana SINAR PASOENDAN
SEUEUR HASILNA - AGEUNG HARTOSNA

BOEKHANDEL SINAR PASOENDAN
OUDE KERKHOFWEG 16 — BANDOENG.

Ngitjal roepi-roepi boekoe basa Soenda, Malajoe sareng Walanda sapertos noe kasebat di handap ieu:

Parta Karama ka 1	f 0.60	**BAHASA MELAJOE**	
Menak Poetra ka 1	„ 1.—	Boekoe Masakan	f 1.50
Mahabarata	„ 0.75	Nasehat bagi Perempoean	„ 0.75
Pangeran Achmad sareng Poetri Peri Bano	„ 0.40	Meliatin Djodo	„ 1.—
Kawin didjalan pangboe-angan	„ 0.45	Kesehatan	„ 0.75
Kapalang dosa	„ 0.40	Elmoe Petangan	„ 1.—
Lenggana Ningrat	„ 0.50	Jan Tio	„ 0.65
Moegiri	„ 0.50	Kokie jang pande	„ 2.50
Mi'radj Kangdjeng Nabi Moehamad	„ 0.75	Harganja kesopanan Tionghoa	„ 2.—
Kiamat Leutik	„ 0.30	Harta jang terpendam	„ 1.—
Kasopanan	„ 0,50	Geheim ARDJOENA	„ 0.60
Ww. Pangeran Soemed.	„ 0.75	Wet perboeroean	„ 0.60
Kasoeat koe Doeriat	„ 0.50	Tiga Tjerita	„ 1.—
Hoedjan Tjisotja	„ 0.35	Sherlock Holmes	„ 1.—
Joehana	„ 0.30	Advocaat Detectief	„ 0.50
Hajang Seuri	„ 0.30	Resia Kartoe	„ 1.—
Siti Marlijah	„ 0.50	Akal boesoek dalam kedjoedian	„ 1.—
Panjawer Pakoean	„ 0.20	Boekan manoesia lagi	„ 0.30
Semar Bebetjek	„ 0.50	Ir. Soekarno sebagi manoesia	f0,75
Teu boeroeng Njalindoeng	„ 0.20		
Nangis Bibisana	„ 0.10	**BASA WALANDA**	
Tjarios Oedjang Dana	„ 0.75	De Beweging in India ... door Dr. Tjiptomangoen koesoema met een voor-woord van Ir. Soekarno	f 1.—
Toh Pati Djiwa Raga	„ 0.45		
Toeti Soesanah	„ 0.75		
Toendjoeng Woelan	„ 0.60		
Tjeurik Oma	„ 0.10		
Tiloe Pradjoerit Istri	„ 0.25		
Sadjarah Ambia	„ 0.75		
RatoeSep Malik bin Biazia	„ 1.—		
Roro Djoea	f 0.30		

Oepami ngagaleuh seueur pangaos dipotong 20 pCt. kalawan ongkos vrij.
Rembours henteu dikitoe.)

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA